WO'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA'M WORTA ARNAWLI’ BILIM BERIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG'I’ QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI’

*Qaraqalpaq filologiyasi’ qa'nigeliginin'*
*bakalavr ta’lim bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi*
*Bekmurzaeva Amangu’ldin’*

# PITKERIW QA'NIGELIK JUMI’SI’

## Temasi’: Qaraqalpaq tilinde wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ an’lati’li’wi’

**Ilimiy basshi’: doc. Sh. Allaniyazova** ____________

**No'kis - 2012**

# Jaqlawg'a ruxsat berildi:

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’: doc. Q.Turdi’baev

Kafedra basli’g’i’: prof. M.Qudaybergenov

Ilimiy basshi’: doc. Sh. Allaniyazova

**Ma'mleketlik imtixan komissiyasi’ni’n’ qarari’:**

**Pitkeriwshi Bekmurzaeva Amangu’ldin’ pitkeriw qa'nigelik jumi’si’na "___" bah’asi’ qoyi’lsi’n**

**"____________" 2012-ji’l.**

**MAK basli’g’i’:** __________________

**MAK ag'zalari’:** __________________

__________________

__________________

**Mazmuni'**

Kirisiw……………………………………………………………………3

a) Pi'si'qlawi'sh kategoriyasi' haqqi'nda ………………………………..3

b) Pi'si'qlawi'shlardi'n', wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlardi'n' tu'rkiy tillerde ha'm qaraqalpaq tilinde izertleniwi……………………………...4

I BAP. Wori'n pi'si'qlawi'shlar ha'm woni'n' an'lati'li'wi'……………….9

1.1. Wori'n pi'si'qlawi'shlari'ni'n' ga'ptegi sintaksislik xi'zmeti…………9

1.2. Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' an'lati'li'wi'……………………………...11

1.3. Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' bildiretug'i'n ma'nileri……………………13

1.4. Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' du'zilisi boyi'nsha tu'rleri…..………….…16

a) dara wori'n pi'si'qlawi'sh……………………………………………16

b). qospa wori'n pi'si'qlawi'sh………………………….…................17

v). ken'eytilgen wori'n pi'si'qlawi'sh……………………………………20

g). birgelkili wori'n pi'si'qlawi'sh ……………………..………………..…21

d). ayi'ri'mlang'an wori'n pi'si'qlawi'sh ……………..…………………..23

II BAP. Waqi't pi'si'qlawi'shlar ha'm woni'n' an'lati'li'wi'…..………..26

2.1. Waqi't pi'si'qlawi'shti'n' an'lati'li'wi'……………………….………26

2.2. Waqi't pi'si'qlawi'shti'n' an'latatug'i'n ma'nileri……………………29

2.3. Waqi't pi'si'qlawi'shti'n' du'zilisi boyi'nsha tu'rleri……..…………..31

a). dara waqi't pi'si'qlawi'sh……………..……………………………31

b). qospa waqi't pi'si'qlawi'sh.. ……………..…………………………33

v). ken'eytilgen waqi't pi'si'qlawi'sh ..……..………..…………………..34

g). birgelkili waqi't pi'si'qlawi'sh ……………………………………..…38

d). ayi'ri'mlang'an waqi't pi'si'qlawi'sh ..……………………………...39

2.4. Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlardi'n' ga'ptegi wori'n ta'rtibi…...41

2.5. Determinant pi'si'qlawi'shlar…………………………………………44

2.6. Toli'qlawi'sh ha'm pi'si'qlawi'shti'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'...48

Juwmaq…………………………………….……………………………….53
Paydalani'lg'an a'debiyatlar…………………………………………….........58

# KİRİSİW

## Pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’ haqqi’nda

Til biliminin’ a’hmiyetli tarawlari’ni’n’ biri – sintaksis. Sintaksis – til biliminin’, soni’n’ ishinde grammatikani’n’ u’lken bir tarawi’. Sintaksistegi negizgi u’yreniletug’i’n obekt – ga’p.

Ga’ptegi so’zler wo’z ara bir-biri menen grammatikali’q jaqtan baylani’si’p kelip, wolar ga’p qurami’nda belgili bir ga’p ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin atqaradi’.

Tilimizdegi ga’p ag’zalari’ni’n’ ga’pti du’ziwdegi worni’ yamasa ga’pti tikkeley du’zip keliw mu’mkinshiligi ha’mmesinde de birdey yemes. Sebebi ga’p ag’zalari’ni’n’ ayi’ri’mlari’ ga’pti du’ziwde tiykarg’i’ yaki bas ag’za si’pati’nda qaralsa, al yekinshi bir toparlari’ ga’ptin’ bas ag’zalari’nan g’a’rezli boli’p, wolardi’n’ do’geregine toplani’p, wo’zine qatnasli’ bolg’an ga’p ag’zalari’ni’n’ ma’nisin tu’sindirip, toli’qti’ri’p keliw arqali’ yekinshi da’rejeli ag’za si’pati’nda qollani’ladi’. Soni’n’ menen qatar, yekinshi da’rejeli ag’za tu’rindegi ga’p ag’zalari’ bas ag’zalardan du’zilgen ga’ptin’ mazmuni’n ken’eytip, ayti’lajaq woy-pikirdin’ toli’q ha’m ken’ tu’siniliwi ushi’n u’lken a’hmiyetke iye boladi’.

Demek, ga’p ag’zalari’ ga’p du’ziwdegi worni’na qaray ga’ptin’ bas ag’zadari’ ha’m yekinshi da’rejeli ag’zalari’ boli’p yekige bo’linedi.

Ga’ptin’ bas ag’zasi’na kiretugi’n baslawi’sh ha’m bayanlawi’sh ga’p arqali’ bildiriletug’i’n woydi’n’ tiykari’ boladi’. Bizin’ bildireyin degen woy-pikirimiz usi’ baslawi’sh penen bayanlawi’shti’n’ qatnasi’ arqali’ du’ziledi ha’m solardi’n’ do’gereginde ken’eyttiriledi.[1]

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, 1992, 128-бет.

Sebebi ha’r bir konkert ga’p, tiykari’nan, baslawi’sh ha’m bayanlawi’shti’n’ qatnasi’nan du’ziledi. Baslawi’sh penen bayanlawi’shti’n’ qatnasi’ yeki bas ag’zali’ ga’plerdin’ tiykari’ yamasa tiykarg’i’ worayi’ boli’p yesaplanadi’.

Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalari’ wo’zlerinin’ sintaksislik xi’zmetlerine qaray bas ag’zalardi’n’ tiykari’nda du’zilgen jay ga’plerdin’ ma’nisin ha’m du’zilisin ken’eytiw ushi’n qollani’ladi’. Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalari’ni’n’ ayi’ri’mlari’ bas ag’zalardi’n’ birewin ani’qlap wo’z ara ani’qlawi’shli’q qatnasta qollani’lsa, al basqa birewleri bas ag’zalardi’n’ yekinshi bir tu’rine ma’nilik jaqtan qatnasli’ boli’p, wolardi’n’ ma’nisin tu’sindirip, toli’qti’ri’p keliwh arqali’, wolar bir-biri menen birde toli’qlawi’shli’q qatnasta birde pi’si’qlawi’shli’q qatnasta baylani’si’p keledi. Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalari’ usi’nday wo’zgeshelik belgilerine qaray toli’qlawi’sh, ani’qlawi’sh ha’m pi’si’qlawi’sh boli’p u’shke bo’linedi.

## Pi’si’qlawi’shlardi’n’, wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ tu’rkiy tillerde ha’m qaraqalpaq tilinde izertleniwi

Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zasi’ pi’si’qlawi’sh ga’ptegi xi’zmeti, ma’nilik tu’rleri boyi’nsha ju’da’ ken’ qollani’latug’i’n ga’p ag’zasi’. Pi’si’qlawi’sh tuwrali’ til iliminde bir qansha pikirler ayti’lg’an.

Pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’ jo’nindegi pikirlerdi ko’rnekli tyurkologlar N.A.Baskakov, [1] A.G’.G’ulamov, M.A. Asqarova [2], M.B.Balaqaev[3], M.Z.Za’kiev[1] ha’m t.b. avtorlardi’n’ miynetlerinde ushi’ratami’z.

---

[1] *Баскаков Н.А.* Простое предложения в каракалпакском языке. Предложения с развернутыми членами. Каракалпакский язык. Т. III. Морфология. Синтаксис. Нукус, «Билим», 1995.
[2] *Ғуламов А.Ғ., Асқарова М.А.* Ҳозирги ўзбек адабий тили. Синтаксис. Тошкент, 1987, 118-бет.
[3] *Балақаев М.Б.* Қазіргі қазақ тілі. (Синтаксис), Алматы, 1971.

A.N.Kononovti’n’ miynetinde pi’si’qlawi’shlar bes tu’rge – si’n, wori’n, waqi’t, sebep ha’m maqset pi’si’qlawi’shlarg’a bo’lingen. Sonday-aq, wori’n pi’si’qlawi’shlardi’n’ wori’n ra’wishi, bari’s shi’g’i’s, wori’n sepliklerindegi so’zler, atawi’sh so’zler menen ko’mekshi so’zlerdin’ ha’m tirkewishlerdin’ dizbeklesiwi arqali’ (ma’selen, Maktabga bordik. Maktab tomon bordik) an’lati’latug’i’nli’g’i’n aytadi’. Al waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ waqi’t ra’wishi, bari’s, shi’g’i’s, wori’n sepliklerindegi so’zler, atawi’sh so’zler menen tirkewishlerdin’ dizbeklesiwi ha’m hal feyil arqali’ bildiriletug’i’nli’g’i’n qi’sqasha ayti’p wo’tken. Waqi’t ha’m wori’n pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ga’ptegi worni’ jo’ninde de qi’sqa toqtag’an.

Wo’zbek tili grammatikasi’nda pi’si’qlawi’shlar segiz tu’rge bo’linip, wolardi’n’ ma’nileri, so’z shaqaplari’ arqali’ an’lati’li’wi’na ken’ tu’sinik berilgen. Waqi’t ha’m wori’n pi’si’qlawi’shlar boyi’nsha da pikirler ayti’lg’an.

Al Balaqaevti’n’ miynetinde pi’si’qlawi’shlar bes tu’rge bo’linip (waqi’t, wori’n, sebep, maqset, si’n), wolardi’n’ ishinen waqi’t ha’m wori’n pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ma’nilik wo’zgesheligi, bildiriliwin mi’sallar menen ko’rsetken.[2]

Son’g’i’ ji’llardag’i’ ko’pshilik tu’rkiy tillerinde basi’li’p shi’qqan ilimiy miynet ha’m joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’na arnalg’an woqi’w qurallari’nda pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’ni’n’ ma’nilik tu’rleri waqi’t, wori’n, si’n, mug’dar-da’reje, sebep, maqset, sha’rt ha’m qarsi’las pi’si’qlawi’sh si’yaqli’ segiz ma’nilik tu’rge klassifikaciyalanadi’.[3]

---

[1] *Зәкиев М.З.* Синтаксический строй татарского языка. Изд. Казанского университета. 1963, 247-248-бетлер.
[2] *Балақаев М., Қордабаев Т.* Қазірги қазақ тілі. Синтаксис. Алматы, 1971.
[3] *Асқарова М.А., Ғуломов А.Ғ.* Ҳозирги ўзбек адабий тили. Синтаксис. Тошкент, 1987, 118-бет.

M.Da'wletovti'n' miynetinde [1] pi'si'qlawi'shti' ma'nilerine qaray si'n pi'si'qlawi'sh, wori'n, waqi't, mug'dar-da'reje, sebep, maqset, sha'rt ha'm qarsi'las pi'si'qlawi'sh si'yaqli' segiz ma'nilik tu'rge bo'lip karaydi'.

Wo'zbek tilinde pi'si'qlawi' kategoriyasi' boyi'nsha ilimiy izertlewler ali'p bari'ldi'. F.Ubaeva «Hozirgi o'zbek adabiy tilida hol kategoriyasi'» degen miynetinde [2] pi'si'qlawi'shti' semantika-sintaksislik strukturasi'na qaray wori'n, waqi't, maqset, sebep, na'tiyje, mug'dar, ta'rtip, birgelik-jalg'i'zli'q, si'n, sali'sti'ri'w, sha'rt, qarsi'las, boli'msi'zli'q pi'si'qlawi'sh si'yaqli' won u'sh tu'rge klassifikaciyalaydi'.[3]

N.A.Baskakovti'n' «Qaraqalpaq tilindegi jay ga'pler» [4] degen maqalasi'nda qaraqalpaq tilindegi pi'si'qlawi'shlar ma'nilerine qaray wori'n, waqi't, si'n, sebep, maqset ha'm mug'dar da'reje pi'si'qlawi'sh boli'p alti' tu'rge bo'linedi.

D.S.Nasi'rov «Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil» degen miynetinde kelbetlik feyillerden si'n, sali'sti'ri'w, wori'n, waqi't, sebep, maqset, sha'rt ha'm qarsi'las ma'nili pi'si'qlawi'shti'n' bolatug'i'nli'g'i'n ko'rsetip, pi'si'qlawi'shlardi' segiz ma'nilik tu'rge bo'ledi.[5]

Demek, pi'si'qlawi'shlardi' ma'nilik wo'zgesheliklerine qaray klassifikaciyalawda joqari'da atali'p wo'tken bes yamasa alti' ma'nilik tu'rlerge bo'lip qaraw tildin' faktlerin wo'z ishine toli'q qamti'y almaydi'. Sonli'qtan, biz a'debiy tildin' faktleri tiykari'nda qaraqalpaq tilindegi pi'si'qlawi'sh kategoriyasi'n ma'nilerine qaray si'n, worni', waqi't, mug'dar-da'reje, sebep, maqset, sha'rt ha'm

---

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 57-бет.
[2] *Убаева Ф.* Ҳозирги ўзбек адабий тилида ҳол категориясы. Тошкент, «Фан», 1971, 19-бет.
[3] *Убаева Ф.*Көрсетилген мийнети.
[4] *Баскаков Н.А.* Каракалпакский язык. Морфология. Нукус, 1995, 237-255-бетлер.
[5] *Насыров Д.С.* Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964, 73-114-бетлер.

qarsi’las pi’si’qlawi’sh si’yaqli’ segiz ma’nilik tu’rge bo’lip qaraymi’z.[1]

Pi’si’qlawi’shlardi’n’ ha’r bir ma’nilik tu’rleri bir-birinen ma’nisine, sorawlari’na ha’m morfologiyali’q bildiriliw wo’zgesheliklerine qaray ayi’ri’ladi’. Pi’si’qlawi’shti’n’ bunday ma’nilik wo’zgesheliklerin toli’g’i’raq u’yreniw ushi’n wolardi’n’ ma’nilik tu’rlerin jeke-jeke izertlew talap yetiledi.

Son’g’i’ da’wirlerde pi’si’qlawi’shlardi’n’ ma’nilik tu’rleri wo’z aldi’na ilimiy izertlew obekti boldi’. Wo’zbek tilinde D.S. Semigulova wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’ arnawli’ tu’rde izertledi. Wol wo’zinin’ «Wo’zbek tilindegi wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’»[2] degen kandidatli’q dissertaciyasi’nda wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ an’latatug’i’n ma’nileri, so’z shaqaplari’ arqali’ bildiriliwi, du’zilisi boyi’nsha tu’rleri ha’m ga’ptegi xi’zmeti jo’ninde izertlegen.

Al, qaraqalpaq tilinde M.Da’wletovti’n’ «Qaraqalpaq tilinde pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’»[3] degen miynetinde pi’si’qlawi’sh kategoriiyasi’n ani’qlaw belgileri, pi’si’qlawi’shti’n’ semantikali’q ha’m strukturali’q tu’rleri, wolardi’n’ morfologiyali’q bildiriliwi, pi’si’qlawi’shti’n’ ga’p ishinde birgelkili, ayi’ri’mlang’an ag’za xi’zmetlerinde qollani’li’wi’ ha’m ga’ptegi wori’n ta’rtibi so’z yetiledi.

M.Da’wletovti’n’ miynetinde, «Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’»nda[4] wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlar haqqi’nda da ayti’lg’an, biraq ha’zigi qaraqalpaq tilinde wori’n

---

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилиндеги пысықлаўыштың мәнилерине қарай бөлиниўи ҳаққында. Өз.ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының хабаршысы, 1963, №4, 34-бет.

[2] *Семигулова Д.С.* Обстоятельства места и времени в современном узбекском языке. Канд. дисс., Ташкент, 1963.

[3] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982.

[4] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, 1992.

ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlar, wolardi’n’ ga’pte determinant ag’za, tema ha’m rema xi’zmetinde qollani’li’wi’ haqqi’nda arnawli’ tu’rde u’yrenilmegen.

Qaraqalpaq tilinde pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’ izertlengen menen wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ bildiriliwi ga’ptegi xi’zmeti ken’ tu’rde arnawli’ tu’rde izertlenbegen. Bul ma’sele haqqi’nda ilimiy a’debiyatlarda uluwma pikirler ayti’lg’an.

Qaraqalpaq tilindegi wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’n u’yreniwdegi tiykarg’i’ wazi’ypa wolardi’n’ ga’ptin’ basqa ag’zalari’n wo’zine ta’n wo’zgesheligin, soni’n’ menen qatar so’z shi’qaplari’ arqali ’ an’lati’li’wi’, wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ du’zilisine qaray tu’rleri, wolardi’n’ birgelkili ha’m ayri’mlang’an ag’za xi’zmetlerinde keliwi ha’m ga’ptegi wori’n ta’rtibin belgilewden ibarat.

Biz bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilinde wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ an’lati’li’wi’n, du’zilisi boyi’nsha tu’rlerin, ga’pte tema ha’m determinant ag’za xi’zmetinde keliwin ha’r ta’repleme izertlewdi maqset yetip qoydi’q. Bul jumi’sti’ jazi’wda sabaqli’q ha’m grammatikalardi’, arnawli’ ilimiy miynetlerdi basshi’li’qqa aldi’q. Mi’sallar ko’rkem a’debiyattan tan’lap ali’ndi’. Jumi’s joqari’ woqi’w wori’nlari’nda, mekteplerde pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’n woqi’ti’wda teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye.

# I BAP. WORI’N PI’SI’QLAWI’SHLAR HA’M WONIN’ AN’LATI’LI’WI’

## 1.1. Wori’n pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ga’ptegi sintaksislik xi’zmeti.

Wori’n – is-ha’reket procesinin’ ha’r tu’rli isleniw jag’daylari’n, wori’n, waqi’t, mug’dar-da’reje, sebep-maqset, sha’rt ha’m qarsi’lasli’q ha’m t.b. belgilerin bildiretug’i’n ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zasi’ boli’p yesaplanadi’.

Pi’si’qlawi’shli’q ma’ni, ko’binese is-ha’reketke (bayanlawi’shqa) qatnasli’ ma’lim boladi’. Sonli’qtan, pi’si’qlawi’sh ta, toli’qlawi’sh si’yaqli’ bayanlawi’shqa g’a’rezli boli’p, woni’n’ tu’sindiriwshi ag’zasi’ xi’zmetin atqaradi’.

Pi’si’qlawi’shlar wo’zi qatnasli’ bayanlawi’sh penen jupkerlesiw ha’m basqari’w usi’llari’nda baylani’sadi’. Jupkerlesiw usi’li’nda baylani’sqan pi’si’qlawi’shlar tu’bir ha’m do’rendi tu’bir formalari’ndagi’ ra’wish, yeliklewish, feyil, kelbetik, sanli’q ha’m t.b. so’zler arqali’ bildirilip, bayanlawi’sh penen baylani’sadi’. Al basqari’w usi’li’nda baylani’sqan pi’si’qlawi’shlar ken’islik seplik formalari’ndag’i’ ha’m tirkewishli atawi’shlar arqali’ bildirilip bayanlawi’sh penen baylani’sadi’. [1] Pi’si’qlawi’shlar siyregirek atawi’sh bayanlawi’shlarg’a da qatnasli’ boli’p keledi. Bunday jag’dayda pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde kelgen so’zler atawi’sh bayanlawi’shlardi’, ken’islik, waqi’tli’q ma’nilerde si’patlaydi’.

Demek, pi’si’qlawi’shlar wo’zi g’a’rezli bolg’an ga’p ag’zasi’ menen ma’nilik jaqtan ha’r tu’rli pi’si’qlawi’shli’q qatnasta keledi de, baylani’si’na qaray jupkerlesip ha’m basqari’w usi’llari’nda baylani’sadi’.

[1] Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. Нөкис, «Билим», 2009.

Pi’si’qlawi’shlar barli’q so’z shaqaplari’ arqali’ an’lati’ladi’. Wolar, ko’binese ra’wishlerden, hal feyil ha’m feyil toplamlardan, yeliklewish so’zlerden, atli’qlardan, kelbetlik, sanli’q so’zlerden, sha’rt meyilden, ra’wishlik xarakterdegi frazeologiyali’q dizbeklerden boladi’. Pi’si’qlawi’shlar qanday so’z shaqabi’ arqali' bildirilse de, ra’wishlik ma’nidegi sorawlarg’a juwap beredi.

Pi’si’qlawi’shlar ma’nilik wo’zgeshelikleri ha’m ha’reketti si’patlaw belgilerine qaray segiz tu’rge bo’linedi:

1) Wori’n pi’si’qlawi’sh;
2) Waqi’t pi’si’qlawi’sh
3) Si’n pi’si’qlawi’sh
4) Mug’dar-da’reje pi’si’qlawi’sh
5) Sebep pi’si’qlawi’sh
6) Maqset pi’si’qlawi’sh
7) Sha’rt pi’si’qlawi’sh
8) Qarsi’las pi’si’qlawi’sh

Biz bul jumi’si’mi’zda wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ an’lati’li’wi’na, ma’nilik wo’zgesheligine toqtaymi’z.

Wori’n pi’si’qlawi’sh is-ha’rekettin’ belgili bir worni’n, shi’qqan jerin, bet ali’s bag’i’ti’n bildiredi. Wori’n pi’si’qlawi’shi’, tiykari’nan, wori’n ra’wishlerine ha’m ken’islik seplik formasi’ndagi’ so’zlerge qoyi’latugi’n ra’wishlik xarakterdegi qayda? qayerde? Qayaqqa? Qaydan? Qayaqtan? Qayerden? Qaly qaray? Qayer menen? Qayer arqali’? degen sorawlarg’a juwap beredi.

Wori’n pi’si’qlawi’shlar ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ arqali ’ an’lati’ladi’. Wori’n pi’si’qlawi’shi’ xi’zmetinde wori’n ra’wishleri, ken’islik seplik formasi’ndag’i’ atli’qlar, wori’n ra’wishi tu’rindegi

atawi'shlar menen tirkewishler ha'm tirkewishlik xi'zmetindegi ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbekleri qollani'ladi'.

## 1.2. Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' an'lati'li'wi'

Wori'n pi'si'qlawi'shlar to'mendegi so'z ha'm so'z dizbekleri arqali' an'lati'ladi'.

1. Wori'n pi'si'qlawi'shi'ni'n' xi'zmetinde wori'n ra'wishleri qollani'ladi'. Mi'sali': Jumabay *uzaqtan* qarawti'p ko'rindi (K.Sultanov). Tezirek jetiw ushi'n adi'mi'n shaqqan basi'p, *alg'a* juwi'radi' (K.Sultanov). Awqat *si'rtta* asi'li'p ati'r (Sh.Seytov). İyt bir jar tasti'n' qasi'na kelip *woyaq-buyag'i'na* jaltan'lap qaradi' (T.Qayi'pbergenov). Dawi's *ha'r jerden, ha'r jerden* yesitiledi (Sh.Seytov).

Ken'islik sepligindei atli'q so'zler wori'n pi'si'qlawi'shi'ni'n' xi'zmetin atqaradi'.

a) bari's sepligindegi atli'q so'zlerden boladi':

Men *a'tirapqa* bunshelli ba'lentlikten ser sali'p ko'rgenim joq (Sh.Seytov). *Gu'misko'lge* won brigada tu'setug'i'n boli'pti' (Sh.Seytov).

b) wori'n sepligindegi atli'qtan:

Bajbanni'n' balasi' woynar *tog'aydi',*
Keklik qus qi'shqi'ri'p ji'laydi' *sayda* (İ.Yusupov).

*A'tirapi'nda* yel bolsa da, an'shi'lar *awi'lg'a* kelip qonbadi' (K.Ma'mbetov).

v) shi'g'i's sepligindegi atawi'shlardan wori'n pi'si'qlawi'shlar an'lati'ladi':

Wo'z Volgasi'n wo'zi aydap bizin' Yerkin,
*Tashkentten* Issi'q ko'lge tartti' bir ku'n (İ.Yusupov).

Mali’mdi’ iyirip taslap, tu’slikke kiyati’rg’an men yesiktin’ aldi’nda ji’mpi’yi’p turg’an mashinani’ *ali’stan-aq* ko’rdim (Sh.Seytov).

Atli’q so’zler menen ko’mekshi atawi’sh ha’m tirkewishlerdin’ dizbeginen boladi’:

a) ataw sepligindegi atli’qlar menen ken’islik seplik formalari’ndag’i’ *bet, jaq* ha’m t.b. ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen:

I’rashtan tu’sip *awi’l betke* betledim (Sh.Seytov).

A’lle kimler *mal qora jaqlardan* kiyati’r (Sh.Seytov).

b) ataw yamasa iyelik sepligindegi atli’q so’zler menen ken’islik seplik formasi’ndag’i’ *ayagi’, u’sti, beti, sheti, ishi, si’rti’, aldi’, arti’, tusi’, yetegi* ha’m t.b. ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’.

Mashinalar *awi’ldi’n’ u’stinen* zi’mi’rasi’p wo’tip ketti (Sh.Seytov).

*Ko’l ta’repte* a’lle qanday bir shomp-shomp yetken ses bar (Sh.Seytov).

*Awi’l arasi’nda* bi’lay-bi’lay ju’rgen adam sira’ ko’rinis bermeydi (Sh.Seytov).

*Awi’ldi’n’ shetinde* jaqsi’ mal sharwashi’li’g’i’ jaylaw jaylasqan (T.Qayi’pbergenov).

*Irashti’n’ boyi’nda* ja’n-jag’i’n qami’s, mayda ji’n’g’i’l worap alg’an a’ydik-a’ydik toran’g’i’llar ko’p (Sh.Seytov).

v) ataw sepligindegi atli’qlarg’a menen, arqali’ tirkewishleri dizbeklesip kelgen so’zlerden:

Wolar *sheldin’ basi’ menen* shertekke qaray ju’rdi (N.Da’wqaraev).

Bizler *Aralskiy arqali’* tez kelip jettik.

g) ataw, bari’s sepligindegi atawi’shlarg’a *qaray, qarap, qarsi’* ha’m t.b. tirkewishlerdin’ dizbeklesip keliwinen boladi’:

Wotarbay menen Dawi’tbay *u’yge qarap* shabi’sti’ (Sh.Seytov).

### 1.3. Wori’n pi’si’qlawi’shti’n’ bildiretug’i’n ma’nileri

Wori’n pi’si’qlawi’shti’n’ ma’nileri ko’binese ha’reketke baylani’sli’ bildiriledi.

Wori’n pi’si’qlawi’shlari’ ha’reketke qatnasi’na qaray to’mendegishe ma’nilerdi an’latadi’: 1) ha’reket islengen wori’ndi’, 2) ha’rekettin’ shi’qqan worni’n, 3) ha’rekettin’ bet ali’si’ worni’, 4) ha’rekettin’ toqtaw worni’, 5) ken’islik worni’.

Wori’n pi’si’qlawi’shlar wori’n seplew formasi’nda kelgen atawi’shlardan boladi’. Mi’sali’:

Biz *Moskvada* woqi’wdami’z. Aysholpan apay jalg’i’z wo’zi *i’lashi’qta* woti’rg’an yeken (J.Aymurzaev).

Suwda, su’wen, bekire, sazan, aq marqa,

Quw, g’az, u’yrek, qasqaldag’i’n usladi’q,

-Qay jaqta?

- *Porxan ataw, Ma’delide, Moynaqta* (T.Jumamuratov).

Ceylonda tu’ni menen tap ku’ndizgidey i’ssi’li’qti’n’ ha’wiri basi’lmay mudami’ jaz boli’p turadi’ (Sh.Aytmatov).

Wori’n pi’si’qlawi’shlar iyelik sepligindegi atawi’shlar menen wori’n sepligindegi *asti’, u’sti, sheti, arasi’, ishi, si’rti’, aldi’, arti’, yetegi* ha’m t.b. si’yaqli’ tirkewishlik xi’zmettegi ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’. Mi’sali’: *Ko’ldin’ ultani’nda da,* ji’lda suw jatqanli’qtan, aytarli’qtay tomar joq (Sh.Seytov).

Keshte u’yinin’ aldi’ndag’i’ japti’n’ boyi’ndag’i’ *almani’n’ asti’nda* woti’ri’p, ha’mmesi samovardi’ wortag’a sali’p, i’ssi’ qaymaqqa bati’ri’p, chay ishisti (Sh.Aytmatov).

Jigitler *awi'ldi'n' si'rti'nda* atti'n' za'n'gisin basi'p turi'p Yerjandi' atlandi'ri'p qaytti' (K.Sultanov).

*Japi'raqlardi'n' arasi'nan* aspan ko'rindi, aspan, qa'dimgi ti'p-ti'ni'q aspan (Sh.Seytov «Ig'bal soqpaqlari'»).

Soni'n' menen birge wori'n pi'si'qlawi'shlar ataw sepligindegi atli'qlarg'a wori'n sepligi formasi'ndag' *bet, jaq, taman, boyi'* ha'm t.b. si'yaqli' tirkewishler ha'm ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeklesip keliwinen boladi'. Mi'sali':

Men mallardi' *ko'ldin' boyi'na* aydap ketemen (Sh.Seytov).

Wori'n pi'si'qlawi'shlar ataw sepligindegi atawi'shlar menen shi'g'i's seplik formasi'ndag'i' ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeklesip keliwi arqali' da an'lati'ladi'. Mi'sali': *Awi'ldi'n' arti'nda tog'ay betten* qabalang'an iyttin' dawi'si' shi'qti' (J.Aymurzaev).

Tap jan'a mawji'rap uyqi'da ti'ni'sh jati'rg'an Araldi'n' u'stinde no'serli ku'ndey gu'rkirep miynet ha'reketine qi'zi'qqanday alti'n ajari' jali'n ati'p, alti'n ay shi'g'i's jaqtan wo'rre turdi' (K.Sultanov).

Bir tewip bolg'annan keyin *topi'raqti'n' asti'nan* tas shi'qti' (J.Aymurzaev).

Wori'n pi'si'qlawi'shlar bari's sepligindegi atawi'shlar boli'p, ha'rekettin' bet ali's worni'n bildirip te keledi. Ma'selen, Woraqshi'lar ketken son' Qudiyar Qosi'baydi' yertip, wo*tawg'a* kirdi (K.Sultanov).

Wori'n pi'si'qlawi'sh atawi'shlar menen tirkewishler ha'm tirkewishlik xi'zmettegi ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen boli'p, ha'rekettin' bet ali's worni'n bildiredi. Mi'sali':

*Mektepke qaray* aqli'g'i'mdi' a'keliw ushi'n shawi'p kettim (Sh.Aytmatov).

Aysholpan ku’le shi’ray bergen kisi usap Sag’i’ndi’qqa bir qaradi’ da ye*sikke qaray* ju’rdi (J.Aymurzaev).

Ana misli baladay-aq wo*g’an qaray* asi’ga juwi’rdi’ (T.Qayi’pbergenov). Wori’n pi’si’qlawi’sh iyelik seplewindegi atli’qlar menen bari’s seplew formasi’ndag’i’ ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’. Mi’sali’:

Qa’dir qara terge shomi’li’p, haldan ketken son’, *qali’n’ qopa jekennin’ u’stine* boyi’n tasladi’ (K.Sultanov).

Ha’rekettin’ ken’islik worni’n bildiretug’i’n pi’si’qlawi’sh ataw seplew formasi’ndag’i’ atli’qlarg’a menen, arqali’ tirkewishlerinin’ tirkesip keliwinen boladi’. Mi’sali’:

Bala u’yinen juwi’ri’p kelemen degenshe, avtolavka da *u’ylerdin’ arti’ menen* jaqi’nlap kelip qaldi’ (Sh.Aytmatov).

Yendigi jag’i’nda wolar *dumanni’n’ arasi’ menen* asi’qpay ju’ze berdi (Sh.Aytmatov).

Soni’n’ menen qatar wori’n pi’si’qlawi’shlar J.Yeshbaevti’n’ «Qaraqalpaq tilinde ra’wish»[1] degen miynetinde wori’n ha’m waqi’t ra’wishleri ga’ptegi xi’zmeti jag’i’nan wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ xi’zmetin atqaratug’i’nli’g’i’ ko’rsetilgen. Bul ra’wishten bolg’an wori’n pi’si’qlawi’shi’ ha’r qi’yli’ ma’nilerde qollani’ladi’:

a) is-ha’rekettin’ belgili worni’n, bag’dari’n bildiredi. Mi’sali’:

Woyi’nni’n’ baslanar aldi’nda Men’limurat ag’a bizlerdi yekige bo’lip, wo*rtada wo*’zi qi’zi’l tayaq uslap turadi’. (T.Qayi’pbergenov).

- *Dalada* joldasi’ bar (T.Qayi’pbergenov).

Awi’l a’lle qashan *ali’sta* qali’pti’ (Sh.Seytov).

---

[1] *Ешбаев Ж.*Қарақалпақ тилинде рәўиш. Нөкис, 1976, 75-76-бетлер.

b) is-ha’rekettin’ ha’r qi’yli’ ta’repten shi’g’i’w worni’n ko’rsetedi. Mi’sali’: Adamlar *ja’n-jaqtan* ati’z basi’na ji’ynala basladi’ (S.X.).

v) İs-ha’rekettin’ bag’darli’q worni’n an’latadi’. Mi’sali’: *Bul jerge* ekologiyali’q jag’daylar boyi’nsha kelipti (K.M.).

Ha’rekettin’ bet ali’s worni’n, bag’i’ti’n bildiretug’i’n pi’si’qlawi’shlar wori’n ra’wishlerinen boladi’ Mi’sali’: Bul waqi’tta Worazqul anaday jerde jati’rg’an shaqli’ basti’ *berman* ko’terip kiyati’r yedi. (Sh.Aytmatov).

Uzaq jollar boli’p qi’sqa,

TUlar ushar *tumli’ tusqa* (İ.Yusupov).

Wori’n pi’si’qlawi’shlar ha’rekettin’ shi’qqan worni’n bildiretug’i’n pi’si’qlawi’sh shi’g’i’s sepligindegi atli’qlardan boladi’. Mi’sali’: U’ydegilerdin’ aldi’ menen mayda balalari’ son’ yeresekleri shiy yesikti tu’rip *si’rtqa* shi’qti’. (Sh.Seytov).

A’lle kimler *mal qora jaqlardan* kiyati’r (Sh.Seytov).

Mi’sallarda ko’rgenimizdey qaraqalpaq tilinde wori’n pi’si’qlawi’shlar ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ ha’m so’z dizbekleri arqali’ an’lati’lg’an.

### 1.4. Wori’n pi’si’qlawi’shlardi’n’ du’zilisi boyi’nsha tu’rleri

Qaraqalpaq tilinde wori’n pi’si’qlawi’shlar da ga’ptin’ basqa ag’zalari’ si’yaqli’ du’zilisine qaray ma’nili dara so’zden, bir leksikali’q birliktegi qospa so’zlerden yamasa ga’p ag’zalari’na bo’linbeytug’i’n so’z dizbeginen ha’m yeki ya bir neshe so’zlerdin’ wo’z ara sintkasislik baylani’si’nan du’zilgen feyil toplamlari’nan boladi’. Qaraqalpaq tilindegi pi’si’qlawi’sh kategoriyasi’n arnawli’

tu’rde izertlegen M.Da’wletov pi’si’qlawi’shlardi’ du’zilisine qaray dara, qospa, ken’eytilgen pi’si’qlawi’shlarg’a bo’ledi.[1]

Pi’si’qlawi’shlardi’n’ du’zilisi boyi’nsha bunday tu’rleri wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlarga da tiyisli.

Dara so’z yamasa bir ma’ni bildiretugi’n qospa so’zler jay pi’si’qlawi’shti’n’ du’zilisin du’zedi. Jay wori’n pi’si’qlawi’shlar morfologiyali’q belgisine qaray tu’bir ha’m do’rendi, seplew affiksli, sonday-aq, geypara tirkewishli kelgen ha’r tu’rli so’z shaqaplari’nan bola beredi.

Jay pi’si’qlawi’sh tu’bir ha’m do’rendi wori’n ra’wishinen boli’p, wori’n pi’si’qlawi’sh xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’:

Qara u’ydin’ qaptali’nda arbani’n’ ko’sherin maylap woti’rg’an Qosi’bay *aspang’a* jalt-jalt qarap: ... (K.Sultanov).

Yerge yetken jaqsi’li’q *jerde* qalmas  (K.Sultanov).

Wori’n sepligindegi atli’q so’zlerden boli’p, ha’rekettin’ wori’n ha’m waqi’tli’q belgilerin bildiredi. Mi’sali’:

*Tog’ayda* qi’rg’awi’l ko’p yeken, ha’r ku’ni ati’p jey bereyin dep *u’yine* qaytti’  (J.Aymurzaev).

Qospa wori’n pi’si’qlawi’sh.

Qospa so’zler ha’m ga’p ag’zalari’na bo’linbeytugi’n so’zler dizbegi qospa pi’si’qlawi’shlar boladi’. Qospa pi’si’qlawi’shlar xi’zmetinde analitikali’q formadag’i’ qospa so’zler, frazeologiyali’q dizbekler, sintaksislik bo’lekke bo’linbeytug’i’n so’z dizbekleri ha’m atawi’sh so’zler menen ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbegi qollani’ladi’. Qospa pi’si’qlawi’shlar du’zilisi jag’i’nan qospa so’zlerden bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh, so’z dizbeginen bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh ha’m atawi’sh so’zler menen ko’mekshi

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 98-бет.

atawi'shlardi'n' dizbeginen bolg'an qospa pi'si'qlawi'sh boli'p u'sh toparg'a bo'linedi.[1]

1. Analitikali'q formadag'i' so'zlerden bolg'an qospa wori'n pi'si'qlawi'sh. Qospa pi'si'qlawi'sh shi'g'i's, wori'n sepligindegi qospa atli'qlardan boli'p, wori'n pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Bizler atlardi' si'lap-si'ypap yertledik te, *Qaypan agani'n' awi'li'na* atlani'p kettik. (Sh.Seytov).

*Bati's jag'i'mi'zda* ko'ldin' jiyegi ko'rinip tur.

(T.Qayi'pbergenov).

So'z dizbeginen bolg'an qospa pi'si'qlawi'sh.

Bari's, wori'n seplik formalari'nda kelgen ani'qlawi'shli'q qatnastag'i' atawi'sh so'z dizbegi wori'n pi'si'qlawi'sh ma'nisindegi qospa pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali':

Ha'zir *go'ne qaladag'i' a'skeriy kazarmag'a* jetiwim kerek yedi, - dedi. (T.Qayi'pbergenov «Suwi'q tamshi'»).

La'genime suw tolti'ri'p aldi'm da, *qaptali'mdag'i' bos wori'ng'a* woti'rdi'm. (T.Qayi'pbergenov).

*No'kistegi yemlewxanada* uzaq jatti'm .

(T.Qayi'pbergenov).

Wori'n sepligindegi kelgen izafetlik so'z dizbekleri wori'n pi'si'qlawi'sh xi'zmetinde qollani'ladi'. Mi'sali': *Ko'ldin' a'tirapi'nda* qara ko'rinbedi.

Jan'bi'r wo'shirip taslag'an g'oy, *u'ydin' do'gereginde* tu'tinlik te joq. (Sh.Seytov).

### 1.3. Atli'q ha'm ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen bolg'an qospa wori'n pi'si'qlawi'sh

Ataw, iyelik sepligindegi atli'q, almasi'q so'zlerge bari's, shi'gi's, wori'n sepliginde kelgen *aldi'na, asti'na, arti'na, arasi'na,*

---

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 104-бет.

*basi'na, betine, boyi'na, jag'i'na, jani'na, qasi'na, tusi'na, u'stine, si'rtta* ham t.b. si'yaqli' ken'islik ma'nili ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeklesiwinen qospa wori'n pi'si'qlawi'shlar an'lati'ladi'. Mi'sali':

Mashinalar *awi'ldi'n' u'stinen* zi'mi'rasi'p wo'tip ketti.

(Sh.Seytov).

*Qorasi'ni'n' a'tirapi'nda* go'legeylep biraz ju'rdi.

(T.Qayi'pbergenov).

Ken'islik ma'nidegi ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbegine *menen, qaray, qarap* tirkewishleri dizbeklesip, qospa wori'n pi'si'qlawi'sh boladi'. Mi'sali': İzler bara-bara *tog'aydi'n' to'rine qaray* shiyelenisip bardi'.

(T.Qayi'pbergenov).

Dayi'm u'lken mashaqat penen mallari'n jo'nge saldi' da, *«Gu'misko'l» tamang'a* aydap ketti. (Sh.Seytov).

Wol *bulardi'n' kiyati'rg'an ta'repine qarap* jol basladi'.

(T.Qayi'pbergenov).

İz tupa-tuwri' *A'miwda'ryag'a karay* tartti'.

(T.Qayi'pbergenov).

Qospa wori'n pi'si'qlawi'shlar turaqli' so'z dizbekleri arqali' da bildiriledi. Mi'sali': *Pi'shi'q murni' batpastay qali'n' qami's arasi'nan ye*ki saattay jol ju'rip, ko'ldin' jiyegine shi'qti'.

(T.Qayi'pbergenov).

Qara suw *qarago'rim jerge* aparadi'. (Naqi'l).

Suwdi' ashi'p, *basi'ni'n' awg'an jag'i'na* ketip qalg'an.

(Q.Jumaniyazov).

## Ken'eytilgen wori'n pi'si'qlawi'sh

Qaraqalpaq tilinde ken'eytilgen ag'zalar ha'm woli'rdi'n' du'zilisi tuwrali' N.A.Baskakov « Предложения с развернутыми членами»[1], D.S.Nasi'rovti'n' «Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil»[2] degen miynetlerinde so'z yetiledi.

M.Da'wletovti'n' miynetinde[3] de qaraqalpaq tilinde ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh ga'ptin' basqa ken'eytilgen ag'zalari' si'yaqli', tiykari'nan hal feyil, kelbetlik feyil, ha'reket ati' feyili ha'm sha'rt meyil toplamlari' arqali ' bildiriletug'i'nli'g'i' ayti'ladi'. Ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh xi'zmetindegi feyil toplamlari' du'zilisi jag'i'nan yeki yamasa bir neshe so'zlerdin' grammatikali'q baylani'si'nan du'ziledi. Wolar du'zilisi jag'i'nan wo'zlerinin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'na ha'm logikali'q baslawi'shi'na iye boli'p ken'eyip keledi.

Ken'eytilgen wori'n pi'si'qlawi'sh basqa ken'eytilgen pi'si'qlawi'shlarg'a qarag'anda siyrek ushi'rasadi'.

Ken'eytilgen wori'n pi'si'qlawi'sh N.A.Baskakovti'n' [4] D.S.Nasi'rovti'n' [5] miynetlerinde atali'p, wolardi'n' bildiriliwi ko'rsetiledi.

Pi'si'qlawi'shti'n' bul tu'ri is-ha'rekettin' bolg'an worni'n, bag'dari'n bildiredi. Wori'n pi'si'qlawi'sh xi'zmetinde ko'binese kelbetlik feyili toplamlar qollani'ladi'.

1. *–g'an//-gen, -ar//-er, -r, -tug'i'n* formali' kelbetlik feyilli toplamlarg'a bari's, shi'g'i's ha'm worni' seplew formalari'nda kelgen jer ko'mekshi so'zinin' dizbeklesip keliwi arqali' bildiriledi.

---

[1] *Баскаков Н.А.* Предложения с развернутыми членами. Каракалпакский язык. Ч.III. Морфология, Синтаксис. Нукус, 1995, стр, 255.
[2] *Насыров Д.С.* Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964.
[3] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 116-бет.
[4] *Баскаков Н.А.* Предложения с развернутыми членами. Нукус, 1995, стр. 255.
[5] *Насыров Д.С.* Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964, 110, 138-бетлер.

Mi’sali’: Qaladan piyada sharshap qaytqani’na qaramastan Atamurat *keshegi qoyi’p ketken jerinen* belin ali’p shel shabi’wg’a kiristi (T.Qayi’pbergenov). A’dette qi’s ma’wsiminde *bali’q qabi’l yetetug’i’n jerde* bali’qshi’lardi’n’ chay-suw ishiwine, geyde aqshamlasi’p qali’wi’na i’layi’qlap kolxoz basqarmasi’ qami’stan uyaday basti’ri’p, ji’lli’ qos du’zetip qoyadi’. (K.Sultanov).

Bular tup-tuwri’ *jan’ag’i’ adam ko’ringen jerge* keldi. (T.Qayi’pbergenov).

*Awi’lg’a kirer jerdegi* joldi’n’ yeki boyi’ g’az-qatar tereklik yedi (T.Qayi’pbergenov).

2. *–g’an//-gen, -ar//-er, -r* formali’ kelbetlik feyilli toplamlarg’a *jaqqa qaray, jerine qaray* ko’mekshi so’zlerinin’ qabatlasi’p dizbeklesip keliwi arqali ’ bildiriledi. Bunday jag’dayda wori’n pi’si’qlawi’sh ha’rekettin’ bet ali’s bag’i’ti’n bildiredi. Mi’sali’: Bunnan keyin wol *basi’ni’n’ awg’an jag’i’na qaray* kete berdi.

3. Wori’n sepligindegi *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyil toplmi’nan boladi’. Mi’sali’: *Svetofordi’n’ tusi’na kelgende* solg’a – miliciyaxanag’a qaray buri’p jiberdi.

Bunday formadag’i’ ken’eytilgen wori’n pi’si’qlawi’shlar waqi’t pi’si’qlawi’shlarg’a usas boli’p keledi, biraq ha’reketti si’patlaw waqi’tli’q ma’nige karag’anda ken’islik ma’ni basi’m boli’p keledi.

## Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’sh

Qaraqalpaq tilinde birgelkili pi’si’qlawi’shlar tuwrali’ M.Da’wletovti’n’[1] miynetlerinde so’z yetiledi. İs-ha’reket procesin birgelkili ma’nide si’patlmap kelgen bir tu’rdegi yeki yamasa bir

---

[1] *Дәўлетов М.* 1) Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 149-бет.; 2) Ҳәзирги қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976, 141-бет.

neshe pi’si’qlawi’shlar birgelkili pi’si’qlawi’shti’n’ xi’zmetin atqaradi’.

Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’shlar bir so’z shaqabi’nan, geyde ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ arqali’ da bildiriledi. Biraq qanday so’z shaqabi’ arqali’ bildiriliwi birgelki bolmag’an menen ha’reketti si’patlaw ma’nileri birgelki boli’p, ma’ni birligi saqlanadi’.

Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’sh to’mendegi so’z shaqaplari’nan boladi’:

1. Wori’n ra’wishinen an’lati’ladi’. Mi’sali’: *Wortada* ko’kiregin arshi’nlap belge qatar baylag’an, Muhammed Na’zir Jasawi’l basi’, wo*n’ qaptali’nda* Xalmurat biy, *sol qaptali’nda* Yesen qazi’ woti’r (K.Sultanov).

2. Bari’s, shi’g’i’s ha’m wori’n seplew formalari’ndag’i’ atli’q so’zlerden. Ma’selen:

Ata-analarg’a, awi’ri’wlarg’a *ko’shede, jolda, mektepte* qi’sqasi’n aytqanda, wo*lar menen gezlesken jerde* hu’rmet yetiw kerek (T.Qayi’pbergenov 5-tom).

Wol adam da’slep *Porli’ tawg’a wo*nnan *Moynaqqa ye*ndi *sizin’ zavodqa* bali’q tapsi’ri’p ju’r. (K.Sultanov).

*Arabstanda, Awg’anstanda, Samarqandta, Buxarada* boli’p, Xiywag’a wo’tken. (K.Sultanov).

Jag’i’msi’z samal *qubladan da, bati’s penen shi’g’i’stan da ye*se beredi. (Sh.Seytov).

Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’shlar is-ha’rekettin’ bir neshe wori’ng’a qatnasli’ yekenligin bildiredi. İntonaciya ha’m da’nekerler arqali’ baylani’si’p keledi. Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’shlar wori’n ta’rtipleri ha’m ken’islik seplik formasi’ndag’i’ atli’qlardan, dara ha’m qospa pi’si’qlawi’shlardan

da boladi’. Mi’sali’: Xanni’n’ yeki ko’zi aldi’nda, ja’n-jag’i’na: *ga’ aldi’na, ga’ arti’na, ga’ qopali’qlarg’a, ga’ toran’g’i’llardi’n’ basi’na* karaydi’, *ga’ bir bu’ktin’ asti’na* u’n’iledi. (T.Qayi’pbergenov).

Ayi’ri’m jag’daylarda birgelkili wori’n pi’si’qlawi’shlar ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’shlar menen qatar kelip te qollani’ladi’. Mi’sali’:

Ko’remiz biz woni’ *quri’li’s basi’nda,*
*Awi’l jollari’nda* ha’m *minberlerde,*
*Ji’ynaqli’ kabinette – isxanasi’nda,*
U’lken ma’seleler qarag’an jerde.

Ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’sh

Ga’ptin’ ayri’mlang’an ag’zalari’ wo’zi qatnasli’ so’zge yamasa ga’pke qosi’msha ma’ni berip, pikirdin’ ani’q ha’m ayqi’n tu’siniliwi ushi’n xi’zmet atqaradi’. Ga’ptin’ ayi’ri’mlang’an ag’zalari’ ha’zirgi a’debiy tilde stilistikali’q qural retinde ken’ qollani’ladi’.

Ayi’ri’mlang’an pi’si’qlawi’shlar haqqi’nda M. Da’wletovti’n’ miynetlerinde[1] ushi’ratami’z. Bunda ayi’ri’mlang’an ayqi’nlawi’sh-pi’si’qlawi’shlar ayqi’nlani’wshi’ pi’si’qlawi’shti’n’ ma’nisin ani’qlap, tu’sindirip keletug’i’ni’n aytqan. Wolar da ga’ptegi tiykarg’i’ pi’si’qlawi’shlar si’yaqli’ is-ha’reketti ha’r ta’repleme si’patlap, ma’nilik jaqtan sol pi’si’qlawi’sh penen ma’niles ayti’ladi’. Ayi’ri’mlang’an pi’si’qlawi’shlar ma’nilik jaqtan ayqi’nlani’wshi’ pi’si’qlawi’shqa qatnasli’ bolsa da, bildiriliwi jag’i’nan ayqi’nlani’wshi’ pi’si’qlawi’shti’n’ qanday so’z shakabi’

[1] *Дәўлетов М.* 1) Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 157-бет.; 2) Қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976, 169-170-бетлер.

arqali’ bildiriliwine g’a’rezli yemes. Wolar yekewi bir so’z shaqabi’nan da yamasa ha’r tu’rli so’z shaqabi’nan da bola aladi’.

Ayqi’nlawi’sh ma’nisindegi ayi’ri’mlang’an pi’si’qlawi’shlar da, uluwma pi’si’qlawi’shlar si’yaqli’, bir neshe ma’nilik wo’zgesheliklerge iye boladi’. Wolar ma’nilik jaqtan wori’n, waqi’t, si’n, mug’dar-da’reje, sebep ha’m maqset pi’si’qlawi’shi’ xi’zmetlerinde keledi. A’sirese, qaraqalpaq tilinde wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ayi’ri’mlang’an ayqi’nlawi’sh – pi’si’qlawi’sh ma’nisinde keliwi jiyi ushi’rasadi’.

Ayqi’nlawi’sh ma’nisindegi wori’n pi’si’qlawi’sh

Ayqi’nlawi’sh ma’nisindegi ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’shlar wo’zinen buri’ng’i’ wori’n pi’si’qlawi’shi’ni’n’ ma’nisin tu’sindirip, ayqi’nlap keledi. Wolar wori’n ra’wishi tu’rindegi sorawlarg’a juwap beredi. Ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’shi’ to’mendegi formalarda kelgen so’z shaqabi’ ha’m so’z dizbekleri arqali’ bildiriledi.

1. Ayi’ri’mlang’an ayqi’nlawi’sh – wori’n pi’si’qlawi’sh bari’s, wori’n sepligi formasi’nda kelgen atawi’sh so’zlerden boladi’. Mi’sali’: Wol jaqtan karag’anda bul jerde, yag’ni’y *u’ylerdin’ tasasi’nda* ne boli’p ati’rg’ani’ ko’rinbeydi (Sh.Aytmatov).

Wol izine, *arba turg’an jerge* qaytti’. (Sh.Aytmatov).

Bala-shag’am Taxtako’pir bette, *Bo’rshitawdi’n’ yeteginde* jasaydi’. (T.Qayi’pbergenov).

2. Bari’s sepligindegi atawi’sh so’zlerge qaray tirkewishinin’ dizbeklesip keliwi arqali’ bildiriledi. Mi’sali’:

Maman ati’n alg’a, *jaw u’stine* qaray shapti’ (T.Qayi’pbergenov).

Solay yetip, ayqi’nlani’wshi’ ag’za is-ha’rekettin’ uluwmali’q wori’n ma’nisin bildirip kelgende, ayri’mlang’an ag’za arqali’ wori’nli’q ma’ni ja’ne de ayqi’nlasadi’.

Ayqi’nlawshi’ so’z is-harekettin’ uluwmali’q ma’nilerin bildirip kelgende, bul ma’ni konkret tu’sinilmese konkretlestiriwshi atli’qlar wori’ng’a qatnasli’ ko’rsetiledi. Mi’sali’:

Bul jerde, *Kavkaz shi’n’i’nda,*

Gu’llerdey wo’sken jayqali’p (İ.Yusupov).

Bizden, *A’miw jerinen,*

Sizge sa’lem jolladi’q (İ.Yusupov).

Ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’sh ma’nisindegi ayqi’nlawi’shlar ga’p ishinde birgelkili boli’p ta keledi. Bunday jag’dayda ayqi’nlani’wshi’ ag’za uluwmali’q ma’nide ayti’ladi’ da, ayqi’nlani’wshi’ ag’zani’n’ ma’nisin uluwmali’qtan konkretlestirip, daralap ko’rsetedi. Mi’sali’:

Yendi ken’ *Watanni’n’ tu’pkirlerinen –*

Sibir, Latviya, Wo’zbek jerinen (İ.Yusupov).

Birgelkili ag’zalar da’nekerler arqali’ da baylani’si’p keledi. Mi’sali’:

Qarap qaldi’ ja’n-jag’i’na:

*Ga’ aldi’na, ga’ arti’na* (İ.Yusupov).

Ayi’ri’mlang’an wori’n pi’si’qlawi’shqa qatnasli’ ayqi’nlawi’shlar tu’sindiriwshi ma’nige iye boladi’. Tu’sindiriwshi ma’ni ayqi’nlawi’shlar ayqi’nlani’wshi’ ag’zani’n’ ma’nisi tu’siniksiz boli’p kelgende, wog’an tu’sinik bola alatug’i’n yekinshi bir so’z arqali’ tu’sindiredi, ayqi’nlaydi’. Mi’sali’:

Men Pamirdin’ ma’rti - *Ta’jikstannan,*

Talay dan’qli’ tabi’s joli’n ashqanman (İ.Yusupov).

# II BAP. WAQI’T PI’SI’QLAWI’SHLAR HA’M WONI’N’ AN’LATI’LI’WI’

Waqi’t pi’si’qlawi’sh is-ha’rekettin’ ha’r tu’rli waqi’tli’q belgilerin tu’sindirip, woni’n’ qashan, qay waqi’tta bolg’ani’n yamasa bolatug’i’ni’n, bildirip keledi. Waqi’t pi’si’qlawi’sh qashan? qay waqi’tta? qashannan beri? t.b. sorawlarg’a juwap beredi. Waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde waqi’t ra’wishleri, waqi’tli’q ma’nidegi atawi’shlar, seplik formalari’ndag’i’ ha’m ko’mekshi so’zler menen kelgen atawi’shlar qollani’ladi’. Bulardan basqa da waqi’tli’q ma’nidegi so’z dizbekleri, waqi’t ra’wishi tu’rindegi frazeologiyali’q dizbekler, hal feyili ha’m kelbetlik feyil toplamlari’ waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde qollani’ladi’.

## 2.1. Waqi’t pi’si’qlawi’shti’n’ an’lati’li’wi’

Waqi’t pi’si’qlawi’sh to’mendegi so’z formalari’ ha’m so’z dizbeklerinen boladi’:

1. Waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde tiykari’nan, waqi’t ra’wishi qollani’ladi’: *Bi’yi’l da* da’rya suwli’ boli’pti’ (Sh.Seytov). Ku’n batqani’ menen *yele* jaqti’ yedi (Sh.Seytov). *Keshquri’n* awi’ldi’n’ balalari’ menen juwi’ri’sami’z (Sh.Seytov). Sen, mine, a’skerlikten kelip, turmi’sqa *jan’a* aralasi’p ati’rsan’. *Jaqi’nda* qus sali’wg’a seni de u’yretip jiberemen (Sh.Seytov).

2. Sanli’q so’zler menen atawi’shlardi’n’ dizbegindegi so’zlerden: Sh.Aytmatovti’n’ wo’zi de *1977-ji’li’* Berdaqti’n’ tuwi’lg’ani’na 150 ji’l toli’wi’na baylani’sli’ wo’tkerilgen saltanatli’ ma’jiliske qatnasti’. («Erkin Qaraqalpaqstan») *1960-ji’llarg’a shekem* A’miwda’rya Worta Aziyani’n yen’ suwli’ da’ryasi’ boldi’ (T.Qayi’pbergenov).

3. *Waq, gez, jas* ha’m t.b. atawi’shlardi’n’ wori’n, shi’g’i’s seplik formalari’nda keliwinen boladi’: Wol *jasi’nda* bizin’ awi’li’mi’zda ko’p bolg’an yedi.

4. *Bul, sol, usi’* t.b. si’yaqli’ siltew almasi’qlari’ menen waqi’t ma’nili atawi’shlardi’n’ dizbegindegi so’zlerden:

-*Sol ku’ni pesin waqti’ ye*di (K.Sultanov).

*Bul ku’nleri* ay jaqti’ (Sh.Seytov).

*Bul ma’ha’lde* bir arbadan aslami’raq ag’ash shabi’li’p qalg’an yedi.

(T.Kayi’pbergenov ).

Woni’n’ *sol ku’ni* aqsaqaldi’n’ ma’jilisine qatnasqani’ ayqi’n.

(T.Kayi’pbergenov).

5. Waqi’t pi’si’qlawi’shi’ belgisizlik artikli «bir» ha’m boli’msi’zli’q ma’ni bildiretug’i’n «hesh» so’zleri menen waqi’tli’q ma’nidegi atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’. Mi’sali’:

*Bir ku’ni* To’remurat suwpi’ degen ka’tqudasi’n aldi’na sali’p Begis penen Mi’rji’q Aydosti’n’ wotawi’na keldi. (K.Sultanov). Wol sizge *hesh waqi’tta* da jamanli’q woylamaydi’. (J.Aymurzaev).

6. Waqi’t ra’wishi ma’nisindegi frazeologiyali’q dizbeklerden:

*Qas penen ko’zdin’ arasi’nda* ha’mme ji’ynali’p qaldi’. Wol *qas qarayg’anda* ten’izden keldi. (O’. Ayjanov).

7. Waqi’t ma’nili atli’qlarg’a menen, boyi’, beri tirkewishinin’ dizbeklesip keliwinen boladi’. Mi’sali’: *Tu’ni menen wo*’zi qan’g’i’p ju’redi de, meni ayi’pli’ yetedi. (T.Qayi’pbergenov).

*Ku’ni boyi’* ati’zda jumi’s isleydi. *Ko’p ji’llardan beri* tu’nletip mal bag’i’p ko’rgen joq yedim (Sh.Seytov).

8. Siltew almasi’qlari’ menen *ret, jola, sapar* t.b. so’zlerdin’ dizbeginen boladi’.

Mi’sali’: *Anaw sapari’* bizler barg’anda qus ko’rgen joq yedik (Sh.Seytov).

*Bul sapari’* woni’n’ buri’ng’i’day boli’p tu’yenin’ wo’rkeshin si’ypalap, marapat berip turatug’i’n waqti’ joq yedi (Sh.Aytmatov).

*Sol sapari’ wo*l tawdan tu’sip, izinde uzi’n-shubay shan’ qaldi’ri’p kiyati’rg’an avtolavkani’ ko’rip yedi (Sh.Aytmatov»).

*Bul waqi’tta* u’ylerdin’ ba’rinde de yeresek adamlardan hesh Kim joq yedi (Sh.Aytmatov).

*Sol ku’ni* aqsham wotti’n’ jari’g’i’nda Berdan bir bet qag’azg’a a’lle na’rselerdi jazi’p shi’qti’ (K.Sultanov).

Soni’n’ menen birge waqi’t pi’si’qlawi’sh *–a, -e, -i’p// -ip, -p,* ha’m *–g’ali’//-geli* formalari’nda kelgen hal feyil ha’m hal feilli toplamlardan da boladi’. Mi’sali’:

*Ku’lki basi’lmay ati’ri’p,* A’jiniyaz yesikke qarap su’renledi (K.Sultanov).

*Yesigi «shi’yq» yetip ashi’lg’an ma’ha’lde* uzi’n beshpentin jelbegey salg’an Serkebaydi’n’ wo’zi ko’rindi (T.Qayi’pbergenov).

Serkebay bul *awi’lg’a ko’ship kelgen ji’li’* qi’si’ menen kiyiz u’zikli qara u’yde woti’ri’p shi’g’i’p, ala ba’ha’rden da’liz benen u’sh bo’lmeli jay sali’p alg’an yedi. (T.Qayi’pbergenov).

*Temirbek atlang’ali’* aradan bir chaynek chay ishim waqi’t wo’tpey-aq, qos atli’ milicionerler menen qayti’p keldi (T.Qayi’pbergenov).

Biz joqari’da keltirilgen mi’sallarda ko’rgenimizdey qaraqalpaq tilinde waqi’t pi’si’qlawi’shlar da ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ ha’m so’z dizbekleri arqali’ an’lati’li’p keledi.

## 2.2. Waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ an’latatug’i’n ma’nileri

Waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetindegi so’zler, ko’binese feyillerge qatnasli’ boladi’. Soni’n’ menen qatar atawi’sh ha’m modal so’zlerden bolg’an bayanlawi’shlarg’a da qatnasli’ boli’p keledi. Bunday jag’dayda pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde kelgen so’zler ga’ptegi atli’q, kelbetlik, sanli’q ha’m modal so’zlerden bolg’an bayanlawi’shlardi’n’ belgili bir waqi’tqa qatnasli’ yekenligin bildiredi.

Mi’sali’: *Bu’gin* ko’shtin’ wornalasi’wi’ ju’da’ qi’zi’q boldi’ (J.Aymurzaev).

Waqi’t pi’si’qlawi’shlar ga’p ishinde ha’r tu’rli ma’nilik wo’zgesheliklerge iye boladi’. Wolar wo’zleri baylani’si’p, tu’sindirip turg’an bayanlawi’shti’n’ isleniw waqti’ni’n’ boli’p wo’tkenin, boli’p ati’rg’ani’n ha’m bolatug’i’ni’n yamasa isleniw waqti’ t.b. si’yaqli’ waqi’tli’q belgilerin bildiredi. Waqi’t pi’si’qlawi’sh ha’r tu’rli so’z shaqaplari’nan boli’p, bayanlawi’sh penen to’mendegi ma’nilik qatnaslarda an’lati’ladi’.

1. İs-ha’reket procesinin’ baslani’w waqti’n bildiredi. Mi’sali’: Mallardi’n’ aldi’ *jan’a* iyiriliwge qarag’an yedi (Sh.Seytov). *Tu’ste* bir sanap alaman (Sh.Seytov).

2. İs-ha’reket procesinin’ ha’zirgi waqi’tta islegenin bildiredi. Mi’sali’: U’yge *ha’zir* ketti (Sh.Seytov). *Keshquri’n* a’kesi menen birge Mi’lgun u’shewi ashtan jutap barati’rg’anli’qtan, nede bolsa qaqpashti’ tartqi’lap, suwg’a qosi’p g’ayzap alg’an yedi. (Sh.Aytmatov).

*Bi’yi’l* jaylawlar ji’ldag’i’dan wotaqli’ (Sh.Seytov).

3. Ha’rekettin’ wo’tken waqi’tta bolg’ani’n bildiredi. Bul ma’nidegi waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde *keshe, bi’lti’r, a’lle qashan, a’llen waqi’t, keshe tu’nde, buri’n* ha’m t.b. waqi’t ra’wishleri qollani’ladi’.

Mi'sali': *Wo'tken ji'li'* institutqa kire almay qaldi' (Sh.Seytov).

*Keshe tu'nde* Yelmuratti'n' anasi' apam u'yge keldi. (J.Aymurzaev).

4. Ha'rekettin' aldag'i' waqi'tta bolatug'i'n waqi'tli'q belgisin bildiredi. Bunda waqi't pi'si'qlawi'sh ra'wishlik ma'nidegi so'zlerdin' dizbeginen boladi'. Mi'sali': *Bu'gin tu'ste* bizler menen Azat tu'slenip ketti (Sh.Seytov). Awi'lg'a *yerten' tu'ste* jetsek te boladi' (Sh.Seytov). *Jigirma ku'nnen son'* tag'i' bir soq (Sh.Seytov).

5. İs-ha'rekettin' waqi'tli'q dawamlli'g'i'n bildiredi. Ha'rekettin' waqi'tli'q dawamli'li'g'i'n bildiretug'i'n pi'si'qlawi'sh *udayi', ha'r qashan, ku'nde, ha'rdayi'm, yele, yele berli* t.b. ra'wishlerinen ha'm *menen/benen/penen, sayi'n* tirkewishinin' dizbeklesip keliwinen boladi'. Mi'sali': Bul jerde qoylar *qi'si'-jazi'* jayi'ladi' (O'.Xojaniyazov).

*Ku'ni-tu'ni* qonaq ku'ter,

Dizde da'rman qalmag'ansha (İ.Yusupov).

Balalar *quni menen* qos aydap boldi'rg'an yedi. (Sh.Aytmatov «Yerte kelgen ti'rnalar»).

6. Ha'rekettin' waqi'tli'q tezligin bildiredi. Bunda ha'r qi'yli' waqi't ra'wishleri arqali' bildiriledi.

Mi'sali': Qoy ko'zli, worta boyli', dug'i'ji'mli' kelgen ken' jawi'ri'nli' jigit Da'wletiyar Yeshimbetov, *sol zamatta* milicionerlerine buyri'q berip Sag'i'ndi'qti' shtabqa aydati'p jiberdi (J.Aymurzaev).

7. Ha'rekettin' waqi'tli'q belgisizliq ha'm boli'msi'zli'q belgisin bildiredi. Bul ma'nidegi waqi't pi'si'qlawi'shlar belgisizlik artikli bir ha'm boli'msi'zli'q ma'ni ma'ni bildiriwshi *hesh* so'zlerine waqi'tli'q ma'nidegi atawi'shlardi'n' dizbeklesip keliwinen boladi'.

Mi’sali’: A’jiniyaz *bir ku’ni* Saparmi’rat penen sabaq tayarlap woti’ri’p wonnan Iri’squl jasawi’ldi’n’ kim yekenin soradi’ (K.Sultanov). *Bir sapari’* jazdi’n’ i’ssi’ ku’ninin’ birinde, bala wo’zine arnalg’an tas qorshawdi’n’ ishinde shomi’li’p ati’rg’anda, janbawi’rdag’i’ jol menen shan’g’i’ti’p kiyati’rg’an mashinani’ tap usi’ jerde turi’p woni’n’ ko’zi shali’p qaldi’. (Sh.Aytmatov).

8. Ha’rekettin’ uluwma waqi’tli’q belgisin bildiredi. Waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde *tan’ azanda, ku’ndiz, tu’nde, Kesh, yerte, bazda, tan’ ala gewgimde,* t.b. ra’wish so’zler ha’m *usi’ gezde, sol waqi’tta, sol ku’ni, sol gezleri, bul waqlari’* t.b. siltew almasi’qlari’ menen atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’.

*Mi’sali’*: *Azanda* wolar gu’llerge wo’rmelep, quyashqi’ qi’zdi’ri’ni’p woti’ri’p, gu’llerdin’ ne dep si’bi’rlasi’p ati’rg’ani’n ti’n’lap turadi’ (Sh.Aytmatov). Kempir bolsa *bagana, ku’ndiz* ketip qalg’an (Sh.Aytmatov).

## 2.3. Waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ du’zilisi boyi’nsha tu’rleri

Waqi’t pi’si’qlawi’shlar da du’zilisi boyi’nsha dara, qospa, ken’eytilgen pi’si’qlawi’shlar boli’p keledi.

### *Dara waqi’t pi’si’qlawi’sh*

Dara so’z yamasa sintetikali’q formadag’i’ qospa so’zler jay pi’si’qlayai’sh boladi’.

Jay pi’si’qlawi’shlar morfologiyali’q belgisine qaray tu’bir ha’m do’rendi, seplew affiksli, sonday-aq geypara tirkewishli kelgen ha’r tu’rli so’z shaqaplari’nan bola beredi. Sonli’qtan jay pi’si’qlawi’shlar bildiriliwine qaray tu’bir ha’m do’rendi formadag’i’ jay pi’si’qlawi’sh, seplew formali’ ha’m tirkewishli jay pi’si’qlawi’sh boli’p yekige bo’linedi:

Tu’bir ha’m do’rendi formali’ jay pi’si’qlawi’sh.

Bul pi'si'qlawi'sh tu'bir ha'm do'rendi formalarda kelgen to'mendegi so'z shakaplari'nan boladi':

1. Tu'bir ha'm do'rendi waqi't ra'wishinen boli'p, waqi't pi'si'qlawi'sh xi'zmetinde keledi.

Mi'sali': *Bi'yi'l* jaylawlar ji'ldag'i'dan wotlaqli' (Sh.Seytov).

*Jaqi'nda* mug'allim keledi (T.Qayi'pbergenov).

*Yendi* Aysholpan jasi'rmay perzent aldi'nda gu'na bolar dep rasi'n aytti' (J.Aymurzaev).

*Tu'nde* bir krovatta jatatug'i'n yedik (T.Qayi'pbergenov).

2. Seplew jalg'awli' ha'm tirkewishli jay pi'si'qlawi'shlar. Bunda *shekem, sayi'n, menen* ha'm t.b. tirkewishlerinin' feyil so'zlerge dizbeklesip keliwinen boladi'. Mi'sali': - *Yerten'ge shekem* wolardi'n' jasi'ri'ni'p ju'rgen jerlerin ani'qlap bilin'ler, - dep mug'allim yeskertti de, qaldi'. (T.Qayi'pbergenov).

3. Jay pi'si'qlawi'sh shi'g'i's seplew formasi'ndag'i' ra'wishten boli'p, ha'rekettin' waqti'n bildirip keledi.

Mi'sali': Wol *jaslayi'nan* miynette shi'ni'qqan

(«Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi')

### *Qospa waqi't pi'si'qlawi'sh*

M.Da'wletovti'n' «Qaraqalpaq tilinde pi'si'qlawi'sh kategoriyasi'» atli' miynetinde qospa pi'si'qlawi'shlar du'zilisi jag'i'nan qospa so'zlerden bolg'an qospa pi'si'qlawi'shlar, so'z dizbeginen bolg'an qospa pi'si'qlawi'sh ha'm atawi'sh so'zler menen ko'mekshi atawi'shlardi'n' dizbeginen bolg'an qospa pi'si'qlawi'sh boli'p u'sh toparg'a bo'linedi.[1]

---

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982, 104-бет.

1. Analitikali’q formadag’i’ so’zlerden bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh. Wori’n sepligi formasi’ndag’i’ qospa atli’qlar qospa waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetin atqaradi’.

Mi’sali’: Jo’nsiz qi’ri’q ku’n qayg’i’-uwayi’m shekkennen,

*Den sawli’qta bir ku’n* shadli’q jaqsi’raq. (Berdaq).

2. So’z dizbeginen bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh. Waqi’tli’q ma’nidegi atawi’sh so’zlerdin’ dizbeginen boli’p, qospa waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetin atqaradi’.

Mi’sali’: *Yerten’nin’ arg’i’ ku’ni* jaqi’n jerdegi fermani’n’ adamlari’ usi’ ko’lge keledi (Sh.Seytov). *Bazar ku’ni* A’jiniyaz kitapfirushlardi’n’ du’kani’n arqalap, qa’legen kitaplari’n sawdalasi’p aqshasi’n to’lep ati’r yedi (K.Sultanov). Ag’amlar bu’gin *azang’i’ saat beste* mashinag’a mindi. (T.Qayi’pbergenov). *Yeki ji’ldan berli* at shawi’p ati’rg’ani’m usi’ (Sh.Seytov). *Son’g’i’ ku’ni* tag’i’ sawash dawam yetti (Sh.Seytov).

*Bul, sol, wol, usi’* ha’m t.b. siltew almasi’qlari’ menen waqi’t ma’nili atawi’shlardi’n’ dizbeklesiwinen qospa waqi’t pi’si’qlawi’sh boladi’.

Mi’sali’: *Bul ku’nleri* ay kesh tuwatug’i’n yedi (Sh.Seytov). *Bul waqi’tta* qi’z apam da dalada ju’r yedi (T.Qayi’pbergenov). *Usi’ waqi’tta* sharbaqtan Talli’q jigitlerinin’ azi’q tu’ligi tiyelgen at arba shi’qti’ (K.Sultanov). Tap *usi’ sapar* Aysholpan si’ng’an shiyshedey shi’rt yete qaldi’. (J.Aymurzaev). Biraq *sol sapari’ azanda* u’lkenlerdin’ tu’r-tu’sinin’ pu’tkilley wo’zgerip ketkenin ko’rip, bala hayranlar qaldi’ (Sh.Aytmatov).

3. Atli’q ha’m ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen bolg’an qospa waqi’t pi’si’qlawi’sh.

Ataw ha'm iyelik seplew formalari'nda kelgen waqi't ma'nili atawi'shlar wori'n sepligindegi *aldi'nda, tusi'nda, ishinde, u'stinde, waqti'nda* ha'm t.b. ko'mekshi atawi'shlar menen dizbeklesip, waqi't pi'si'qlawi'shlardi'n' xi'zmetin atqaradi'.

Mi'sali': *Tan'ni'n' aldi'nda* qawi'n qori'qtan kelgen ag'am qori'ldap yele uyqi'lap ati'r yedi. (T.Qayi'pbergenov). *Yerten'ine saat wonlardi'n' wag'i'nda* qulag'i' u'lken, basi' kishkene, uzi'n bir jigittin' aldi'na ali'p bardi' (Sh.Seytov).

Qospa waqi't pi'si'qlawi'shlar soni'n' menen birge turaqli' so'z dizbekleri arqali' da bildiriledi

Mi'sali': Ha'r waq-ha'r waqta ji'lt-ji'lt ko'rinip turg'an jeke-siyrek juldi'zlardi' da *ha'p zamatta* bult basi'p ketti (Sh.Seytov). Wol *awzi'n ashi'p jumg'ansha* ta sbir qaptalg'a jumalap ketti (T.Qayi'pbergenov).

## *Ken'eytilgen waqi't pi'si'qlawi'sh*

Qaraqalpaq tilinde ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh ga'ptin' basqa ken'eytligen ag'zalari' si'yaqli', tiykari'nan, hal feyil, kelbetlik feyil, ha'reket ati' feyili ha'm sha'rt meyil toplamlari' arqali' bildiriledi.

Ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh xi'zmetindegi feyil toplamlari' du'zilisi jag'i'nan yeki yamasa bir neshe so'zlerdin' grammatikali'q baylani'si'nan du'ziledi. Wolar du'zilisi jag'i'nan wo'zlerinin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'na ha'm logikali'q baslawi'shi'na iye boli'p ken'eyip keledi. Qaraqalpaq tilindegi ken'eytilgen wori'n pi'si'qlawi'shlar haqqi'nda M.Da'wletovti'n' miynetinde [1] so'z yetiledi.

---

[1] *Дәўлетов М.* Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы, Нөкис, 1982, 116-бет.

N.A.Baskakovti’n’ miynetinde [1] ken’eytilgen waqi’t pi’si’qla-wi’sh, ken’eytilgen sebep pi’si’qlawi’sh, ken’eytilgen maqset pi’si’qlawi’shlar g’ana atap wo’tiledi de ken’eytilgen pi’si’qlawi’shlardi’n’ basqa tu’rleri so’z yetilmeydi.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi pi’si’qlawi’sh ma’nili toplamlar hal feyil, kelbetlik feyil, ha’reket ati’ feyili ha’m sha’rt meyil toplamlari’nan, sonday-aq, *bar, joq* so’zlerinin’ basqari’yai’ndag’i’ toplamlardan, buyri’q, tilek ha’m ani’qli’q meyillerdin’ toplamlari’na *dep* ko’mekshi feyilinin’ dizbeklesip keliwi arqali’ bildiriletug’i’ni’ ma’lim.

D.S.Nasi’rov «Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil» [2] degen miynetinde kelbetlik feyil toplamlari’ni’n’ si’n, sali’sti’ri’w, wori’n, waqi’t, sebep, sebep, maqset, sha’rt, qarsi’las pi’si’qlawi’sh si’yaqli’ segiz ma’nilik tu’rinin’ bildiriletug’i’ni’n ko’rsetedi.

Ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh is-ha’reket procesinin’ isleniw waqti’n qashan, qay waqi’tta islengenin yamasa islenetug’i’ni’n bildiredi. Wolar to’mendegi pi’si’qlawi’sh ma’nili feyil toplamlari’ arqali’ bildiriledi.

1. Ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh wori’n sepligindegi – *g’an//-gen, -qan//-ken,-ar//-er, -r* formali’ kelbetlik feyil toplamlari’ arqali’ bildiriledi. Mi’sali’:

-A’ziyz biyler, *Worazan bati’rdi’ uzati’p qayti’p kiyati’rg’anda* G’ayi’p xang’a joli’g’i’p, yerten’imizdin’ g’ami’n jewge wa’desin ali’p yedim (T.Qayi’pbergenov).

Wori’n sepligindegi kelbetlik feyil toplami’ *g’ana* janapayi’ menen dizbeklesip kelgende waqi’tli’q ma’ni ja’ne de ayqi’nlasadi’. Mi’sali’:

---

[1] *Баскаков Н.А.* Предложения с развернутыми членами. Каракалпаксий язык. Ч.III. Морфология. Синтаксис. Нукус, 1995, 255-бет.
[2] *Насыров Д.С.* Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964, 73-87, 109-133, 138-139-бетлер.

Sari’ ala ko’pek ali’stan setemlenip, *bas ko’tergende g’ana* Maman buri’ldi’ (T.Qayi’pbergenov).

*-ar//-er, -r* toplamli’ kelbetlik feyilinen bolg’an waqi’t pi’si’qlawi’sh:

Anasi’ biyshara *qi’zi’na ju’kli bolarda* almag’a jerik bolg’an yeken (T.Qayi’pbergenov).

2. Shi’g’i’s sepligindegi *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyilinen ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh bildiriledi: *Pishen woraq tamam bolg’annan* u’ylerine qayti’p ketti.

3. Ataw ha’m shi’g’i’s sepligindegi *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyil toplamlari’na *son’, keyin* tirkewishleri dizbeklesip keliw arqali’ ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’shlar an’lati’ladi’. Mi’sali’:

*Awi’lg’a jaqi’nlag’an son’ wo*lardi’n’ tarqasi’wi’na ruxsat yetti (T.Qayi’pbergenov). Wolar *sa’lemlesip bolg’annan keyin* Maqsetke harmasi’n aytti’ (Q.Jumaniyazov).

4. *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyil toplami’ *waqi’tta, ma’ha’lde, ku’ni* si’yaqli’ waqi’t ma’nili ko’mekshi atawi’shlar menen dizbeklesiwi arqali’ ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’shlar an’lati’ladi’. Mi’sali’:

*Ku’n bati’p barati’rg’an ma’ha’lde* rayon worayi’na jettik (Sh.Seytov). *Wo’zleri diydilegen waqi’tta* awi’lg’a keldi. (T.Qayi’pbergenov).

5. *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyil toplami’ *sayi’n* tirkewishi menen dizbeklesiwi arqali’ an’lati’ladi’. Mi’sali’:

Awi’lda isleytug’i’n balasi’ bolmag’ani’ Atamurat ag’ani’ *g’arri’li’q jen’gen sayi’n* jani’na bati’p ju’r (Q.Jumaniyazov).

6. *–mastan//-mesten* formali’ hal feyil toplami’ *buri’n, aldi’nda* ko’mekshi atawi’shlari’ menen dizbeklesiwi arqali’ ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’shi’ an’lati’ladi’. Mi’sali’:

Maqset wo*ti’rar woti’rmastan* gazetalardi’ birim-birim ko’re basladi’ (Q.Jumaniyazov).

7. Ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh *–i’p//-ip, -p,-g’ali’//-geli, -a,-e,y ha’m –may//-mey* formali’ hal feyil toplamlari’nan boladi’. Mi’sali’:

*Yerten’ine yerte turi’p* ketip qali’pti’ (Q.Jumaniyazov). *Woqi’wi’n pitkere sala* a’skerlikke ketip qaldi’ (Sh.Seytov). *Usi’ jerge kelgeli berli* rayoni’mi’zdan talay-talay ko’z tani’slardi’ ko’rip ati’rmi’z (Sh.Seytov).

8. Bari’s, shi’g’i’s, wori’n sepligindegi *–i’w//-iw, -w* formali’ ha’reket ati’ feyil toplami’ ga’pte ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh boladi’. Mi’sali’:

Mug’allim *so’ylep boli’wdan* bizlerdi yertip qon’si’ bo’lmege apardi’ (T.Qayi’pbergenov). *Awi’ldan shi’g’i’wdan-aq* qa’dimgi tog’ay baslanatug’i’n yedi (T.Qayi’pbergenov).

9. Ataw sepligindegi ha’reket ati’ feyil toplami’ *menen* tirkewishinin’ dizbeklesiwinen boladi’. Mi’sali’:

*Ku’n shi’g’i’wi’ menen-aq* g’og’aqlasqan qi’rg’awi’llardi’n’ sesleri g’arri’ni’ joldan adasti’rdi’ (T.Qayi’pbergenov).

10. Ha’reket ati’ feyilinin’ *–i’w//-iw, -w* formali’ toplami’ *waqti’nda, da’wirinde, boyi’na* waqi’t ma’nili ko’mekshi atawi’shlar menen dizbeklesiwi arqali’ waqi’t pi’si’qlawi’shlar an’lati’ladi’. Mi’sali’:

*Jaslar menen jaqi’nnan so’ylesiw waqti’nda* ha’mme na’rse ani’qlandi’ (Q.Jumaniyazov).

11. Ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’sh *bar, joq* so’zlerinin’ basqari’wi’ndag’i’ feyil toplami’nan da boladi’. Mi’sali’:

*U’yinde ag’asi’ barda* so’yleskenimiz maqul.

Solay yetip, ken’eytilgen waqi’t pi’si’qlawi’shlar kelbetlik feyil, hal feyil ha’m ha’reket ati’ feyil formalari’ni’n’ basqari’wi’ndag’i’ feyil toplamlari’nan an’lati’ladi’.

### ***Birgelkili waqi’t pi’si’qlawi’sh***

İs-ha’reket procesin birgelkili ma’nide si’patlap kelgen bir tu’rdegi yeki yamasa bir neshe pi’si’qlawi’shlar birgelkili pi’si’qlawi’sh xi’zmetin atqaradi’. Birgelkili pi’si’qlawi’shlar, ko’binese birgelkili formadag’i’ bir qi’yli’ so’z shaqabi’nan, geyde ha’r tu’rli formadag’i’ ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’nan da bola beredi. Birgelkili pi’si’qlawi’shlar tu’bir ha’m do’rendi formalarda, seplik jalg’awli’ ha’m ko’mekshi so’zler menen dizbeklesip te keledi. Birgelkili pi’si’qlawi’shlar wo’zi dizbeklesip kelgen so’z benen jupkerlesiw ha’m basqari’w usi’li’nda baylani’si’p keledi.

Birgelkili pi’si’qlawi’shlar da ga’ptin’ basqa birgelkili ag’zalari’ si’yaqli’ ga’p ishinde bir-biri menen belgili grammatikali’q intonaciya ha’m da’nekerler arqali’ baylani’satug’i’nli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

Birgelkili pi’si’qlawi’shlar haqqi’nda M.Da’wletov wo’zinin’ «Ga’ptegi birgelkili pi’si’qlawi’shlar» degen maqalasi’nda so’z yetedi.[1]

Birgelkili waqi’t pi’si’qlawi’sh is-harekettin’ bir neshe waqi’tli’q belgisin bildiredi. Wolar to’mendegi so’z shaqaplari’ ha’m so’z dizbekleri arqali’ an’lati’ladi’.

---

[1] *Дәўлетов М.* Гэптеги биргелкили пысықлаўышлар. // Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, 1971, 257-бет.

Birgelkili waqi’t pi’si’qlawi’sh waqi’t ra’wishinen boladi’. Mi’sali’:

Wol *ku’ndiz de, tu’nde de* isler yedi. (K.Ma’mbetov).

*Ba’ha’rde ha’m jazda* Tuyi’qjardag’i’ saydi’n’ ishi yerigen qardi’n’, a’sirese jawi’nni’n’ sarqi’ndi’ suwi’na toli’p lipildeydi de turadi’. (Sh.Aytmatov)

Yele gu’ller joq, geografiyadan bilemen, Qaraqalpaqstan *aprel-maydan* baslap-aq gu’l worayi’na aynaladi’, ha’mme na’rse gu’lleydi, iyunde bir a’jayi’p qala boladi’ bul No’kis (T.Qayi’pbergenov).

### *Ayi’ri’mlang’an waqi’t pi’si’qlawi’sh*

Ga’ptin’ ayi’ri’mlang’an ag’zalari’ wo’zi qatnasli’ so’zge yamasa ga’pke qosi’msha ma’ni beredi. İntonaciyali’q jaqtan ayi’ri’mlani’p ayti’ladi’. Ga’p ag’zalari’, ko’binese wo’zinen buri’n kelgen so’zdin’ ma’nisin tu’sindirip, konkretlestirip, ayqi’nlawi’sh ma’nisinde keliw arqali’ ayi’ri’mlanadi’. Waqi’t pi’si’qlawi’shlar da wo’zinen buri’n kelgen so’zdin’ ma’nisin tu’sindirip ayi’ri’mlani’p qollani’ladi’. Mi’sali’:

*Keshte, yari’m aqshamnan awg’an waqi’tta* ja’ne izge qaytami’z (K.Ma’mbetov).

Ga’p ag’zalari’ni’n’ ayi’ri’mlani’p keliwi so’ylewshinin’ bir so’zge ayri’qsha di’qqat awdari’p, basqa so’zlerden ma’nisin ku’sheytip ko’rsetiw arqali’ waqi’tli’q ma’nini ja’ne de konkretlestirip beredi. Mi’sali’:

*Won alti’nshi’ a’sirde, nog’ayli’ awqami’ qulag’annan keyin,* ja’ne qaraqalpaqlar degen atama menen tariyxta ko’rinedi (K.Ma’mbetov).

*Jawzada, jawday yegis baslani'p ati'rg'an waqi'tta* Sarayshi'qqa joqari' ma'rtebeli miyman keldi (K.Ma'mbetov).

Ayi'ri'mlang'an waqi't pi'si'qlawi'sh ayqi'nlawshi' pi'si'qlawi'shti'n' waqi'tli'q ma'nisin yele de ani'g'i'raq yetip ko'rsetedi.

Ayqi'nlawi'sh ma'nisindegi ayi'ri'mlang'an waqi't pi'si'qlawi'shlar to'mendegi so'z shaqaplari' ha'm so'z dizbekleri arqali' bildiriledi.

1. Ayqi'nlawi'sh ma'nisindegi ayi'ri'mlang'an waqi't pi'si'qlawi'sh waqi't ra'wishinen boli'p, ayqi'nlawi'shi' pi'si'qlawi'shti'n' ma'nisin ani'g'i'raq yetip ko'rsetedi. Mi'sali':

Keshe, *Qasi'mdi' keselxanag'a ali'p kelgende,* qasi'nda Allanazar da boldi' (K.Ma'mbetov). *Jol ju'rip kiyati'ri'p,* Sultanni'n' an'li'g'ani' sol (K.Ma'mbetov). Keyin ala, *jetpisinshi ji'llardi'n' aqi'ri'na kelip,* A'miwda'ryani'n' suwi' da tarti'ldi' (K.Ma'mbetov). Ku'ndiz, a'sirese, *tal tu's waqi'tlari'nda* bala putaqlari' harri'yg'an shiraljinlerdin' arasi'na bari'p woti'ri'wdi' jaqsi' ko'retug'i'n yedi (Sh.Aytmatov). Sol ku'ni, yag'ni'y, woni' a'kesi *qalag'a birge ali'p ketemen degen ku'ni,* Sultanmurat quwang'ani'na wo'zin qayda qoyari'n bilmedi (Sh.Aytmatov).

2. Sanli'q so'zler menen waqi't ma'nili atli'qlardi'n' dizbeginen boladi'. Mi'sali':

Bu'gin, *saat birden keyin* baspu'kil rayon ko'ship kelgendey sezildi (Sh.Seytov). Bul ha'diyse *1597 –tawi'q ji'li'ni'n' shille ayi'nda* boli'p wo'tti (K.Ma'mbetov).

3. Shi'g'i's sepligindegi atli'qlarg'a yamasa geypara kelbetlik feyil ha'm hal feyilli toplamlarg'a *keyin, son', aldi'n, buri'n* t.b. tirkewishlerdin' dizbeklesip keliwinen boladi'. Mi'sali':

*U'yge kelgennen keyin de,* ji'm uyqi'm kelmedi (K.Ma'mbetov).

4. *–g’an//-gen* formali’ kelbetlik feyil toplamlari’na ko’mekshi xi’zmettegi waqi’t ma’nili atawi’shlardi’n’ dizbeklesiwinen boladi’. Mi’sali’:

Keshke jaqi’n, *ku’n batayi’n dep turgan waqi’tta* izinen yeki atli’ woq atti’ (J.Sharipov).

Ayri’mlang’an waqi’t pi’si’qlawi’shlar ga’ptegi waqi’tli’q ma’nidegi so’zdi ayi’ri’p, tu’sindirip keledi. Waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ bul tu’ri tilimizde jiyi qollani’ladi’.

## Wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ ga’ptegi wori’n ta’rtibi

Ha’r qanday tilde woni’n’ ishki rawajlani’w ni’zamlari’na, grammatikali’q quri’li’si’na, wo’zgesheligine sa’ykes ga’pte so’zlerdin’ wori’n ta’rtibi qa’liplesken. Qaraqalpaq tilinde so’zlerdin’ wornalasi’w ta’rtibi yerkin, geypara jag’daylarda turaqli’ xarakterge iye.

Wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ga’ptegi worni’ pi’si’qlawi’shti’n’ basqa tu’rlerine qarag’anda yerkin boli’p keledi. Wolar ga’ptin’ bayanlawi’shqa deyingi arali’qti’n’ qa’legen worni’nda, ga’ptin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m bayanlawi’shti’n’ qarsi’ aldi’nda kele beredi.

Wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ yerkin wori’ng’a iye boli’wi’n, a’sirese ga’ptin’ basi’nda keliwin ko’rnekli tyurkologlar N.K.Dmitriev ha’m A.N.Kononov wolardi’n’ tek g’ana

bayanlawi'shqa qatnasli' boli'p qoymay, pu'tin ga'pke qatnasli' boli'wi'nan dep ko'rsetedi.[1]

Haqi'yqati'nda da, wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' ga'pte qaysi' wori'nda kelse de, wo'zlerinin' wori'n, waqi'tli'q ma'nilerin saqlap turadi'. Ga'ptin' basi'nda kelgen wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' bayanlawi'shti'n' qarsi' aldi'nda kelgen wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari'na qarag'anda bayanlawi'shqa qatnasi' ha'lsizlew boladi'. Al bayanlawi'shti'n' aldi'ndag'i' wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' tikkeley is-ha'reketke qatnasli' boli'p keledi.

Soni'n' menen birge wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlari'na wori'n ta'rtibinin' yerkin boli'p, qa'legen wori'nda kele beriwin, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildiriliwine de baylani'sli' bolatug'i'nli'g'i'n M.Da'wletov ta wo'zinin' «Pi'si'qlawi'shti'n' ga'ptegi wori'n ta'rtibi» degen maqalasi'nda so'z yetedi.[2]

Ma'selen: wori'n (aldi'nda, joqari'da, to'mende), waqi't (bu'gin, bi'yi'l, ha'zir, tu'nde, jazda) t.b. ra'wishleri ha'm ken'islik seplew formalari'ndag'i' atli'qlar (qalada, ati'zda, jaylawda t.b.) ga'pten ti'sqari', usi' jeke turg'an hali'nda-aq wori'n, waqi't ma'nilerin bildiredi.

Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlari' ga'ptegi qollani'li'w wori'nlari'na qaray bayanlawi'shqa deyingi to'mendegi wori'nlarda keledi:

1. Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlari' ga'ptin' basi'nda keledi. Mi'sali':

*Keshe* usi' fermag'a keldim (T.Qayi'pbergenov).

---

[1] *Дмитириев Н.К.* Порядок слов в простом предложении. –Сб. «Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков». Ч.III. Синтаксис. М., 1961. Б. 27.; *Кононов А.Н.* Грамматика современного узбекского литературного языка. М-Л., 1960. Б. 395

[2] *Дәўлетов М.* Пысықлаўыштың гәптеги орын тәртиби. – Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, 1971272-бет.

*Keshquri'n* ag'am qaladan u'yge keldi (K.Ma'mbetov).

*To'mende* ko'gis do'nip tog'aylar ko'rinedi (X.Seyitov).

*Ali's-ali'slarda* botasi' urlang'an a'rwana bozlaydi', qatti' bozlaydi' (Sh.Seytov). *A'llen waqi'ttan son'* yesin ji'yi'p jolg'a tu'sti (Sh.Seyitov).

Bul mi'sallarda wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlar ga'ptin' ishinde hesh bir ga'p ag'zasi'na qatnassi'z-aq wori'n ha'm waqi'tli'q ma'nilerdi bildirip turi'pti'.

2. Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlar is-ha'reketke tikkeley qatnasli' boli'p kelgende, bayanlawi'shti'n' qarsi' aldi'nda keledi. Mi'sali':

Mashinalar *Teren' qudi'qqa ku'n bata* jetip keldi (X.Seyitov).

Kempir bolsa *bag'ana, ku'ndiz* ketip qalg'an. Meyli, ye*rten'-aq* keledi-da'. (Sh.Aytmatov).

Ta'wekel, men ye*rten'ge shekem wo*ylani'p ko'reyin (T.Qayi'pbergenov).

3. Wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' ga'ptin' wortasi'nda keledi. Bunday jag'dayda wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari'ni'n' aldi'-arti'nan ga'ptin' basqa ag'zalari' yamasa basqa pi'si'qlawi'shlar keledi. Mi'sali':

Wol ye*ki ku'nnin' ishinde-aq a'dewir* boldi'ri'p qalg'an yedi (K.Ma'mbetov).

Wol *ilajsi'z u'yine qayti'p barati'rg'an wag'i'nda g'ana* jolda Aytmurat darg'ani' ushi'rati'p qaldi' (K.Ma'mbetov).

Pi'si'qlawi'shlar a'dettegi wori'n ta'rtibi boyi'nsha qay jerine kelse de, wo'zi qatnasli' bayanlawi'sh ag'zadan aldi'n keledi. Al ga'ptegi so'zlerdin' wori'n ta'rtibi wo'zgergende, yag'ni'y inversiyali'q jag'dayda bayanlawi'shtan son' da keliwi mu'mkin.

Bul jag’day, a’sirese, poeziyada, qosi’qlarda ko’p ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Bul zaman jol sali’p *juldi’zg’a-ayg’a,*
Ne isleymen deseg’urbeti keldi.
Poezd qi’shqi’ri’g’i’ jan’lap *Shi’mbayda,*
Bu’gin ulli’ toydi’n’ sa’wbeti keldi (İ.Yusupov).

Tariyxi’n’di’ tolg’ar yedim *bul waqta,*
Poezd bizdi ku’tip turmas biraqta (İ.Yusupov).

Ko’rkem a’debiyatta ko’rkem so’z sheberi belgili bir stillik maqsetlerde a’dettegi wori’n ta’rtibi wo’zgertip qollani’ladi’. Mi’sali’:

Wo’kpeleytug’i’n wo’kpe de, ayaytug’i’n ju’rek te joq wo*l jerde* (Sh.Seyitov).

Qanli’qi’li’sh ne ko’rmekshi *usi’ du’nyadan* (Sh.Seyitov).

Qa’dimgi ha’mmenin’ uyi’p ti’n’laytug’i’n «Jaman shi’g’anag’i’» yekenin birden-aq an’g’ardi’-aw wol *sonda* (Sh.Seyitov).

Ko’rkem a’debiyatta ko’rkem so’z sheberi ta’repinen pikir wobrazli’li’g’i’n, so’ylew tili koloritin duri’s ko’rsetiw maqsetinde bul usi’l ko’p qollani’ladi’.

## 2.5. Determinant pi’si’qlawi’shlar

Determinantlar ma’nisine qaray pi’si’qlawi’shli’q determinant ha’m obektlik determinant boli’p yekige bo’linedi. Determinant pi’si’qlawi’shlar ko’binese ra’wish, ken’islik seplik formali’ ha’m

tirkewishli atli'qlar ha'm kelbetlik feyilli toplamlar arqali' bildiriledi.[1]

Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlardi'n' ga'ptin' basi'nda ha'm son'g'i' wori'nlarda keliwi kommunikativlik wazi'ypasi'na baylani'sli' boli'p keledi. Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlar pu'tin ga'pke qatnasli' boli'p determinant xi'zmetinde kelgende ga'ptin' basi'nda keledi ha'm tema xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': *Awi'lda //* Barshi'nayday qali'n'li'g'i'n' bar yeken (K.Ma'mbetov). *Jaqi'nda //* Aral ten'izi arqali' Qon'i'ratqa kapitan Butakov flotiliyasi' jolg'a shi'qti' (K.Ma'mbetov). Bul keltirilgen mi'sallarda jaqi'nda – waqi't pi'si'qlawi'shi', awi'lda – wori'n pi'si'qlawi'shi' tema xi'zmetinde kelgen.

Wori'n, waqi't pi'si'qlawi'shlari' is-ha'reketke tikkeley qatnasli' boli'p, logikali'q pa't tu'sirilip ayti'lg'anda bayanlawi'shti'n' aldi'nda qatar keledi. Bunday jag'dayda wolar so'ylem jan'ali'g'i' rema wazi'ypasi'n atqaradi'. Mi'sali': Men sol adam menen *universitettin' arg'i' da'rwazasi'nda* ushi'rasti'm (K.Ma'mbetov). Wol bir neshe ji'l *Xiywada* woqi'g'an (K.Ma'mbetov). Bular ja'ne *tu'n ishinde* ju'riwge ma'jbu'r boldi' (K.Ma'mbetov).

Mi'sallardag'i' *universitettin' arg'i' da'rwazasi'nda, Xiywada* – *wo*ri'n pi'si'qlawi'shlari', *tu'n ishinde* – waqi't pi'si'qlawi'shi' rema qurami'nda kelgen.

Solay yetip, waqi't ha'm wori'n pi'si'qlawi'shlari' ga'ptin' basi'nda kelgende determinant ag'za ha'm tema xi'zmetinde qollani'ladi'. Bunday jag'dayda wori'n ta'rtip aktuallasti'ri'wshi' qural xi'zmetin atqaradi'.

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, 1992, 210-бет.

Ga'pte so'zlerdin' bir-biri menen baylani'si', sintaksislik xi'zmeti tu'rli qurallardi'n', tu'rli til qurallari'ni'n' ja'rdemi menen iske asadi'. Ayi'ri'm so'zlerdin' formalari', ko'mekshi so'zler, intonaciya tilde sintaksislik qatnaslardi' bildiriwde qanday rol atqaratug'i'n bolsa, ga'pte so'zlerdin' wori'n ta'rtibi de sonday xi'zmet yetiw ayi'ri'qshali'g'i'na iye. Til biliminde bul jag'day teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyetke iye sintaksislik qubi'li's si'pati'nda qaraladi'.

Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' tiykari'nan bas ag'zalarg'a yamasa pu'tin ga'ptin' du'zilisine qatnasli' boladi'. Bas ag'zalarg'a yamasa pu'tin ga'pke qatnasli' boli'w arqali' ga'ptin' qurami'na wo'tedi ha'm wo'zi qatnasli' ag'zalar menen birlikte baslawi'sh qurami', bayanlawi'sh qurami' ha'm determinant qurami'na bo'linedi. Ga'p ag'zalari'ni'n' ga'ptegi bir ag'zag'a g'a'rezli boli'p kelgen tu'rleri ken'eyttiriwshi ag'za, al pu'tin ga'pke qatnasli' boli'p kelgen bo'legi ga'pti ken'eyttiriwshi yamasa determinant dep ataladi'.

Determinantlar pu'tin ga'ptin' mazmuni'na qatnasli' boli'yai'na baylani'sli' ga'ptin' basi'nda keledi. Sintaksislik baylani's jag'i'nan ga'ptin' basqa ag'zalari'na g'a'rezli bolmay ga'p penen yerkin baylani'sqa tu'sedi. Determinant xi'zmetinde ko'binese waqi't ha'm wori'n pi'si'qlawi'shlar keledi. Mi'sali': *Arqadan //* qap-qara buli'tlar // ko'ship kiyati'r (Sh.Seytov).

Bul ga'pte *arqadan* wori'n pi'si'qlawi'shi' determinant xi'zmetinde qollani'lg'an. Al, *qap-qara bultlar* baslawi'sh qurami'n, *ko'ship kiyati'r* bayanlawi'sh qurami'n du'zip kelgen.

Determinant xi'zmetinde feyil toplamlari'nan du'zilgen wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlarda keledi. Mi'sali':

*Ku’n arqan boyi’ ko’terilgende* Qanli’qi’li’sh u’yinen shi’qti’ (Sh.Seyitov).

Ha’zirgi sintakis iliminde ga’pler aktual ag’zalarg’a bo’linip u’yreniledi. Ga’ptin’ aktual bo’liniwi ga’ptin’ kommunikativlik wazi’ypasi’na, yag’ni’y ga’ptin’ belgili bir ma’nili bo’leklerine a’hmiyet berilip, pikir jan’ali’g’i’ xabarlanadi’.

Ga’ptin’ aktual bo’liniwi tiykari’nan ga’ptin’ belgili bir kontekst yamasa situaciyadan so’ylewshige ma’lim ha’m woni’ pikiri ushi’n tiykar bolg’an bo’lek – tema, al tema haqqi’nda jan’a informaciya xabarlaytug’i’n bo’lek remag’a bo’linedi.

Tema ga’ptin’ baslani’w punkti, tiykari’ boli’p yesaplanadi’ ha’m ga’ptin’ xabarlaw informaciyasi’ bag’darlang’an predmetti bildiredi. Wol so’ylewshige de, ti’n’lawshi’g’a da buri’nnan belgili predmet ma’nisinde ug’i’ni’ladi’ yamasa woni’n’ belgilengenligi wo’zinen buri’ng’i’ ga’p arqali’ ma’lim boli’p kontekst yaki situaciya arqali’ ani’qlanadi’.

Rema – tema haqqi’nda qanday da bir jan’a informaciya xabarlaytug’i’n bo’lek. Wol xabarlawdi’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n wo’z ishine aladi’ ha’m ga’ptin’ kommunikativlik worayi’ boli’p tabi’ladi’. Ga’ptin’ aktual bo’liniwi ko’binese so’zlerdin’ wori’n ta’rtibi ha’m intonaciya arqali’ bildiriledi. Tema ga’ptin’ baslani’w punkti, tiykari’ boli’wi’na baylani’sli’ remadan buri’n jaylasadi’. Al rema tema haqqi’nda jan’ali’q xabarlawshi’ bo’lek bolg’anli’qtan temadan keyin, grammatikali’q bayanlawi’shtan buri’n keledi. Mi’sali’: Tu’ske taman // azang’i’ shi’qti’n’ tabi’ a’dewir kewip ketken (Sh.Seyitov).

Mi’saldag’i’ *tu’ske taman* waqi’t pi’si’qlawi’shi’ tema wazi’ypasi’nda qollang’an. Til faktlerin talqi’lap qarag’ani’mi’zda

waqi't ha'm wori'n pi'si'qlawi'shlardi'n' ga'ptin' basi'nda kelip tema xi'zmetinde qollani'li'wi'n ko'p ushi'ratami'z.

## 2.6. Toli'qlawi'sh ha'm pi'si'qlawi'shti'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'

Toli'qlawi'sh penen pi'si'qlawi'sh bari's, shi'g'i's, wori'n seplew formalari'ndag'i' atli'qtan ha'm atli'q penen geypara tirkewishlerdin' dizbeginen bolg'anda ma'nilik jaqtan bir-birine ku'ta' jaqi'n keledi. Ha'tte, bul formalarda kelgen so'zlerdin' ma'nilik wo'zgesheligin ayi'ri'w mu'mkin bolmay qalatug'i'n, pi'si'qlawi'shti'n' da, toli'qlawi'shti'n' da ma'nileri sol so'zlerde saqlani'p awi'spali', aralas ma'nili boli'p keletug'i'n jag'daylar da ushi'rasadi'. Bul jag'dayda sol formada kelgen so'zlerge pi'si'qlawi'shti'n' da, toli'qlawi'shti'n' da sorawlari'n ten'dey qoyi'wg'a boladi'. Mi'sali': *Terezelerden* shi'ralar ji'lti'rap tur (T.Qayi'pbergenov).

Bul ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'zler toli'qlawi'shti'n' da, pi'si'qlawi'shti'n' da ma'nilerin bildirip, yekewinin' de sorawi'na juwap beredi. Bul si'yaqli' so'zler rus tilinin' akademiyali'q «Sintaksis» ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'na arnalg'an sabaqli'qlarda «ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' awi'spali', aralas ma'nili tu'rleri»[1] dep qaraladi'.

Wo'zbek tilinde wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlari'n arnawli' tu'rde izertlegen D.S. Semigulova «Ha'zirgi zaman wo'zbek tilinde wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'sh» degen kandidatli'q dissertaciyasi'nda[2] pi'si'qlawi'shti' toli'qlawi'shtan aji'rati'wda sol

---

[1] Грамматика русского языка. II. Синтаксис, ч. 2. М., 1960, 97-бет. Современный русский язык, ч. II. (морфология, синтаксис) изд-во МГУ, 1964, 390-393-бетлер; Бабайцева В.В., Максимов Л.Ж. Современный русский язык. Синтаксис. Пунктуация. М., «Просвещение», 1981, 119-121-бетлер.
[2] *Семигулова Д.С.* Обстоятельства места и времени в современном узбекском языке. Автореферат канд. …дисс. Ташкент, 1963.

ag'zalardi'n' xi'zmetinde kelgen so'zlerdin' wo'zleri g'a'rezli ga'p ag'zasi'na sintaksislik qatnas xarakterine, bag'i'ndi'ri'wshi' so'zdin' semantika-sintaksislik ma'nisine ha'm tu'sindiriwshi ag'za xi'zmetindegi so'zlerdin' leksikali'q ma'nilerine i'layi'q duri's sorawlar qoyi'w arqali' ani'qlawdi' ko'rsetedi.

Toli'qlawi'sh penen pi'si'qlawi'shti' bir-birinen aji'rati'wda sol ga'p ag'zalari'ni'n' xi'zmetinde kelgen so'zlerdin' semantikali'q belgisi tiykarg'i' roldi atqaradi'. Sonli'qtan bul yeki sintaksislik kategoriyani' bir-birinen aji'rati'wda traditsiyali'q belgi retinde qollani'li'p kiyati'rg'an ga'ptegi so'zlerdin' ma'nisine, sorawlari'na qaraladi'. Pi'si'qlawi'sh xi'zmetindegi so'zler is-ha'reket protsesin ha'r tu'rli pi'si'qlawi'shli'q ma'nide si'patlap, ra'wishlik xarakterdegi *qawqqa?, qalay qaray?, qaydan?, qayda?, qalay?, qayer menen?* t.b. sorawlarg'a juwap beredi. Al toli'qlawi'sh xi'zmetindegi so'zler is-ha'reket protsesin obektlik ma'nide si'patlap seplew formalari'ndag'i' atli'q so'zlerge qoyi'latug'i'n *kimge?, nege?, kimnen?, neden?, kimde?, nede?, kim menen?, ne menen?* t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Qi'ya seplew formalari'nda kelgen pi'si'qlawi'sh penen toli'qlawi'shti' bir-birinen aji'rati'wda, tiykari'nan, to'mendegi wo'zgeshelikleri yesapqa ali'nadi':

1. Pi'si'qlawi'sh penen toli'qlawi'sh kontekstegi ma'nilerine, qaysi' ma'ninin' basi'm keliwine qaray ani'qlanadi':

a) bari's, shi'g'i's, wori'n seplew formalari'nda yamasa tirkewishli kelgen atli'qlar kontekste da'slepki konkret predmetlik ma'nisinen awi'si'p, pi'si'qlawi'shli'q ma'nide keledi: *Tog'aydan* adamlar kelmey ati'r (T.Qayi'pbergenov).

Bul ga'plerdegi di'qqat yetilgen so'zler is-ha'reketke qatnasli' wori'n ha'm si'n pi'si'qlawi'shlari'ni'n' ma'nilerin bildiredi. Wolar

ga’p ishinde leksikali’q ma’nisin saqlap kelse de, ga’ptegi wo’zi g’a’rezli bolg’an ag’zag’a ma’nilik qatnasi’na qaray obektlik ma’nisinen pi’si’qlawi’shli’q ma’nisi basi’m keledi;

b) yeger qi’ya seplew formalari’ndag’i’ atli’qlar ga’pte konkret predmetlik ma’nisin saqlap kelse, toli’qlawi’sh funktsiyasi’nda keledi: Hayal so’z tappay *gu’rsige* jalp yetip woti’rdi’. Wol *gu’rsiden* i’rg’i’p turdi’. Zerxan kishkene u’ydegi *mardannan* biyday ali’p ati’r yedi (T.Qayi’pbergenov).

Bul ga’plerdegi di’qqat yetilgen so’zler is-ha’reketke qatnasli’ obektlik ma’ni bildiredi. Wolardi’n’ ga’ptegi qollani’li’w ma’nisinen awi’spali’ pi’si’qlawi’shli’q ma’ni an’lasi’lmaydi’.

2. Qi’ya seplew formalari’ndag’i’ ha’m tirkewishli kelgen atli’qlardan bolg’an pi’si’qlawi’sh penen toli’qlawi’shlardi’ bir-birinen aji’rati’wda tu’sindiriwshi ag’zani’n’ leksikali’q ma’nisine qaraladi’:

a) yeger tu’sindiriwshi ag’za abstrakt atli’qlardan bolsa, ko’binese pi’si’qlawi’shli’q ma’ni bildiredi. Mi’sali’: *Quwani’shtan* Jumagu’ldin’ ju’zleri gu’l-gu’l jaynadi’ (T.Qayi’pbergenov). Wol *qaharmanli’q penen* is ko’rsetti. Wol bunday so’zdi *woydan* tapti’ t.b.

b) yeger de tu’sindiriwshi ag’za konkret atli’q so’zlerden boli’p kelse, wonda toli’qlawi’sh ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Pali’z ati’zlari’ni’n’ ko’bisi *shen’gel menen* qorshalg’an (T.Qayi’pbergenov).

v) qi’ya seplew formasi’ndag’i’ janli’ predmetti bildiriwshi atli’q so’zler yamasa sol atli’q so’zlerdin’ worni’na qollani’latug’i’n basqa da so’zler predmetlik ma’nisin saqlap, toli’qlawi’sh xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: Quri’li’sshi’larg’a quwatli’ texnika ja’rdemge keldi («Yerkin Qaraqalpaqstan»).

3. Tirkewishlik xi’zmettegi *arasi’nda* ko’mekshi atawi’sh atli’q so’zlerge dizbeklesip kelgende pi’si’qlawi’sh ha’m toli’qlawi’sh ma’nilerin bildiredi. Bul tirkewishtin’ dizbegindegi so’zlerdin’ sintaksislik funktsiyalari’n bir-birinen aji’rati’wda, sol ko’mekshi atawi’sh dizbeklesip kelgen atli’q so’zlerdin’ leksikali’q ma’nisine qaraladi’:

a) *arasi’nda* ko’mekshi atawi’shi’ adam ma’nisindegi atli’q so’zlerge yamasa sol so’zlerdin’ ma’nisin bildiriwshi atli’qlasqan so’zlerge dizbeklesip kelgende, toli’qlawi’sh ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: *Adamlar arasi’nda* abi’rji’w payda bola basladi’. *Arba aydap kiyati’rg’anlardi’n’ arasi’nda* Temirbek te bar yedi. Wo*ti’rg’anlardi’n’ arasi’nda* azg’ana shawqi’m payda boldi’ (T.Qayi’pbergenov).

b) *arasi’nda* ko’mekshi atawi’shi’ *awi’l, tog’ay, toran’g’i’l, ati’z, terek, qala, u’y* t.b. ken’islik ma’nili atli’q so’zlerge dizbeklesip kelgende, sol dizbekte kelgen atli’q so’z ken’islik ma’nige ko’ship, wori’n pi’si’qlawi’sh ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Avtobuslar *awi’l menen qala arasi’nda* ti’ni’msi’z qatnap tur. *Terekliktin’ arasi’na* ma’deniy shertek wornati’lg’an.

4. Tu’sindiriwshi ag’zani’n’ leksikali’q ma’nisine qaraladi’:

a) tu’sindiriwshi ag’zani’n’ leksikali’q ma’nisi qi’ymi’l-ha’reketti bildiretug’i’n (dinamikali’q) feyilso’zlerden bolg’anda qi’ya seplew formasi’ndag’i’ atli’q so’zler pi’si’qlawi’sh ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Wol *ko’lden* qaytti’. *Wo*lar *ji’ynali’stan* u’shew boli’p qaytti’. Wolar *woqi’wdan* keldi (T.Qayi’pbergenov).

Bul ga’plerdegi di’qqat yetilgen qi’ya seplew formasi’ndag’i’ so’zler ha’mmesinde de ha’reketti, qi’ymi’ldi’ bildiriwshi feyil so’zlerge qatnasli’ *boli’p, is-ha’rekettin’* belgili bir shi’qqan jerin, kelgen worni’n bildiredi:

b) tu’sindiriliwshi ag’zani’n’ leksikali’q ma’nisi qi’ymi’ldi’ bildirmeytug’i’n (statikali’q) feyil so’zlerden, yamasa basqa so’z shaqaplari’nan bolsa, bul formada kelgen ga’p ag’zalari’ obektlik ma’nide keledi. Mi’sali’: Wolar yendi baxti’n *woqi’wdan* izlewi kerek (T.Qayi’pbergenov).

Bul ga’plerdegi qi’ya seplew formalari’nda kelgen so’zler ha’mmesinde de leksikali’q ma’nisi ha’reket-qi’ymi’ldi’ bildirmeytug’i’n feyil so’zlerge qatnasli’ boli’p, is-ha’reket qarati’lg’an obektlik ma’nini bildirip tur. Demek, qi’ya seplew formalari’nda kelgen pi’si’qlawi’sh penen toli’qlawi’shti’ bir-birinen aji’rati’wda tu’sindiriwshi ha’m tu’sindiriliwshi ag’zalardi’n’ xi’zmetinde kelgen so’zlerdin’ leksikali’q ma’nisi de a’hmiyetli rol atqaradi’.

# JUWMAQ

Biz bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zda wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlari'ni'n' ga'ptegi xi'zmetine ma'nilik wo'zgesheliklerine toqtadi'q.

Ga'ptegi so'zler wo'z ara bir-biri menen grammatikali'q jaqtan baylani'si'p kelip, ga'p qurami'nda belgili bir ga'p ag'zalari'ni'n' xi'zmetin atqaradi'. Ga'p ag'zalari' ga'p du'ziwdegi worni'na qaray ga'ptin' bas ag'zalari' ha'm yekinshi da'rejeli ag'zalari' boli'p yekige bo'linedi. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' bir tu'ri – pi'si'qlawi'sh kategoriyasi'n u'yreniw arqali' to'mendegishe juwmaqlarg'a keliwge boladi'.

Pi'si'qlawi'shlar barli'q so'z shaqaplari' arqali' an'lati'ladi'. Wolar, ko'binese ra'wishlerden, yeliklewish so'zlerden, atli'qlardan, kelbetlik, sanli'q so'zlerden, feyillerden, sha'rt meyilden, ra'wishlik xarakterdegi turaqli' so'z dizbeklerinen boladi'. Pi'si'qlawi'shlar qanday so'z shaqabi' arqali' bildirilse de ra'wishlik xarakterdegi sorawlarg'a juwap beredi. Wori'n ha'm waqi't pi'si'qlawi'shlar pi'si'qlawi'shti'n' basqa tu'rlerine sali'sti'rg'anda ga'ptegi xi'zmeti, bildiriliwi, wori'n ta'rtibi menen aji'rali'p turadi'.

Wori'n pi'si'qlawi'sh is-ha'rekettin' belgili bir worni'n, shi'qqan jerin, betali's bag'i'ti'n bildirip keledi.

Wori'n pi'si'qlawi'shti'n' ma'nileri ko'binese ha'reketke baylani'sli' bildiriledi. Ha'reketke qatnasi'na qaray wori'n pi'si'qlawi'sh to'mendegishe ma'nilerdi an'latadi':

1) ha'reket islegen wori'nda;

2) ha'rekettin' shi'qqan worni'n;

3) ha'rekettin' betali's worni'n;

4) ha'rekettin' toqtaw worni',

5) ken'islik worni'.

Wori’n pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde wori’n ra’wishleri, ken’islik seplik formasi’ndag’i’ atli’qlar, wori’n ra’wishi xarakterindegi atawi’shlar ha’m tirkewishler xi’zmetindegi ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbekleri qollani’ladi’.

Wori’n pi’si’qlawi’sh du’zilisi boyi’nsha dara, qospa, ken’eytilgen, birgelkili, ayi’ri’mlang’an, wori’n pi’si’qlawi’shlar boli’p bo’linedi.

Dara wori’n pi’si’qlawi’shlar ma’nili dara so’zlerden boladi’. Qospa wori’n pi’si’qlawi’shlar analitikali’q formadag’i’ qospa so’zlerden yamasa sintaksislik bo’lekke bo’linbeytug’i’n so’z dizbekleri arqali’ biildiriledi.

Ken’eytilgen wori’n pi’si’qlawi’shlar yeki yamasa bir neshe so’zlerdin’ sintaksislik baylani’si’nan du’zilgen kelbetlik feyil toplamlari’ni’n’ bari’s, shi’g’i’s, wori’n seplik formalari’ ha’m feyil toplamlari’ menen ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen boladi’. Ayi’ri’m jag’daylarda ha’reket ati’ feyilinin’ shi’g’i’s sepligindegi *–w//-iw, -w* formasi’ arqali’ bildiriledi.

İs-ha’reketti birgelkili ma’nide si’patlap kelgen bir tu’rdegi bir neshe pi’si’qlawi’shlar birgelkili wori’n pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde qollani’ladi’. Birgelkili wori’n pi’si’qlawi’shlar ha’mmesi birlikte bir sorawg’a juwap beredi. Wori’n ra’wishleri, ken’silik seplik formasi’ndag’i’ atawi’sh so’zler birgelkili wori’n pi’si’qlawi’sh boladi’.

Wori’n pi’si’qlawi’shlari’ ayi’ri’mlani’p ta qollani’ladi’. Wori’n ma’nisindegi so’zler wori’nli’q ma’nini ani’qlap, tu’sindirip kelgende qollani’ladi’. Mi’sali’:

Komissiya bul jerge, *Aral boyi’na* yekologiyali’q jag’daylar boyi’nsha kelipti (K.Ma’mbetov).

Waqi’t pi’si’qlawi’sh bolsa is-ha’rekettin’ ha’r tu’rli waqi’tli’q belgilerin tu’sindirip, woni’n’ qashan, qay waqi’tta bolg’ani’n yamasa bolatug’i’ni’n bildirip keledi.

Waqi’t pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde waqi’t ra’wishleri, waqi’tli’q ma’nidegi atawi’shlar, seplik formalari’ndag’i’ ha’m ko’mekshi so’zler menen kelgen atawi’shlar qollani’ladi’.

Bulardan basqa da waqi’tli’q ma’nidegi so’z dizbekleri, waqi’t ra’wishi tu’rindegi turaqli’ so’z dizbekler, hal feyil ha’m kelbetlik feyilli toplamlar qollani’ladi’.

Pi’si’qlawi’shti’n’ bul tu’ri de wori’n pi’si’qlawi’sh si’yaqli’ dara, qospa, ken’eytilgen, birgelkili, ayi’ri’mlang’an waqi’t pi’si’qlawi’sh boli’p keledi.

Dara waqi’t pi’si’qlawi’shlar morfologiyali’q belgisine qaray tu’bir ha’m do’rendi, seplik affiksli, sonday-aq geypara tirkewishli kelgen ha’r tu’rli so’z shaqaplari’nan bola beredi.

Qospa waqi’t pi’si’qlawi’shlar analitikali’q formadag’i’ so’zlerden bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh, so’z dizbeginen bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh ha’m atawi’sh so’zler menen ko’mekshi atawi’shlardi’n’ dizbeginen bolg’an qospa pi’si’qlawi’sh boli’p u’sh toparg’a bo’linedi.

Ken’eytligen waqi’t pi’si’qlawi’sh ga’ptin’ basqa ken’eytilgen ag’zalari’ si’yaqli’ hal feyil, kelbetlik feyil, ha’reket ati’ feyili toplamlari’ arqali’ bildiriletug’i’nli’g’i’ ma’lim boldi’. Pi’si’qlawi’shti’n’ bul tu’ri xi’zmetindegi feyil toplamlari’ du’zilisi jag’i’nan yeki yamasa bir neshe so’zlerdin’ grammatikali’q baylani’si’n du’zedi. Wolar ayi’ri’mlani’p ta, ayi’ri’mlanbay da qollani’ladi’.

Birgelkili waqi’t pi’si’qlawi’sh is-ha’rekettin’ bir neshe waqi’tli’q belgisin bildiredi.

Ayi’ri’mlang’an waqi’t pi’si’qlawi’sh ayqi’nlani’wshi’ pi’si’qlawi’shti’n’ waqi’tli’q ma’nisin yele de ani’g’i’raq yetip ko’rsetip keledi.

Wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ga’ptegi worni’ yerkin boli’p keledi. Wolar ga’ptin’ bayanlawi’shqa deyingi arali’qti’n’ qa’legen worni’nda, ga’ptin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m bayanlawi’shti’n’ qarsi’ aldi’nda kele beredi.

Uluwma wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlari’ni’n’ ga’ptegi wori’n ta’rtibi jag’i’nan wo’zi qatnasli’ ag’za-bayanlawi’shtan aldi’n keledi.

Qaraqalpaq tilindegi son’g’i’ izertlewlerde wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ ko’binese ga’ptin’ basi’nda kelip pu’tin ga’ptin’ mazmuni’na qatnasli’ determinant ag’za xi’zmetinde qollani’latug’i’nli’g’i’ ayti’ladi’. Haqi’yqati’nda da, qaraqalpaq tili faktlerinde wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ ga’ptin’ basi’nda qollani’li’wi’ jiyi ushi’rasadi’. Sonday-aq ga’ptin’ aktual bo’liniwine baylani’sli’ ga’ptin’ basi’nda kelgen waqi’t ha’m wori’n pi’si’qlawi’shlar tema wazi’ypasi’nda jiyi qollani’ladi’. Tema ga’ptin’ baslani’w punkti, tiykari’ boladi’. Mi’sali’: Bu’gin – hawa i’ssi’. *Bu’gin* – waqi’t pi’si’qlawi’shi’ tema xi’zmetinde qollani’lg’an. Solay yetip, waqi’t ha’m wori’n pi’si’qlawi’shlar ga’ptin’ basi’nda kelgende determinant ag’za ha’m tema xi’zmetinde qollani’ladi’. Wori’n ha’m waqi’t pi’si’qlawi’shlardi’n’ inversiyalani’p qollani’li’wi’ ko’birek poeziyada ushi’rasadi’.

# PAYDALANG'AN A'DEBİYATLAR

1. Баскаков Н.А. Простое предложения в каракалпакском языке. Какалпакский язык. Ч.III. Морфология. Синтаксис. Нукус, 1995.

2. Балақаев М.Б., Қордабаев Т. Қазіргі қазак тілі. Синтаксис. Алматы, 1971.

3. Ғуламов А., Асқарова М.А., Ҳозирги ўзбек адабий тили. Тошкент, 1987.

4. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинде пысықлаўыш категориясы. Нөкис, 1982.

5. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги пысықлаўыштың мәнисине қарай бөлиниўи ҳаққында. – «ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының ХАБАРШЫСЫ», 1963.

6. Дәўлетов М. Пысықлаўыштың гәптеги орын тәртиби. – Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, 1971.

7. Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде қоспаланған жай гәплер. Нөкис, 1976.

8. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинде гәптиң актуаль бөлиниўи. – «ӨзР ИА ҚҚБ Хабаршысы», 2002, №5-6, 106-109-бетлер.

9. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинде гәптиң детерминант ағзалары. - – «ӨзР ИА ҚҚБ Хабаршысы», 2002, №3.

10. Дмитриев Н.К. Порядок слов в простом предложении. – Сб. «Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков». Ч. III. Синтаксис. М., 1961.

11. Есенов Қ. Қазақ тіліндегі күрделенген сөйлемдер. Алматы, 1974.

12. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилинде рәўиш. Нөкис, 1976.

13. Зәкиев М.З. Современный татарский литературный язык. М., 1971.

14. Кононов А.Н. Грамматика современного узбекского литературного языка. М.-Л., 1960.

15. Махмудов Н., Нурманов А. Ўзбек тилининг назарий грамматикаси. Тошкент, 1995.

16. Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964.

17. Семигулова Д.С. Обстоятельства места и времени в современном узбекском языке. Автореферат канд. ... дисс. Ташкент, 1963.

18. Убаева Ф. Ҳол категорияси. Тошкент, 1971.

19. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Морфология. Нөкис, 1994.

20. Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер. Нөкис, 1971.

21. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No’kis, 2009.

22. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, 1992.

23. Ўзбек тили грамматикаси. Синтаксис. Т. II. Тошкент, 1976.

## Ko’rkem sh?g’armalar

1. İ.Yusupov. «Tan’lamalı shıg’armaları»
2. J.Aymurzaev «Qi’z ketken»
3. T.Qayi’pbergenov «Mug’allimge raxmet»
4. T.Qayi’pbergenov «Son’g’i’ hu’jim»
5. T.Qayi’pbergenov «Suwi’q tamshi’
6. T.Qayi’pbergenov «Sekretar»
7. Sh.Seyitov «Ig’bal soqpaqlari’»
8. Sh.Aytmatov «Yerte kelgen ti’rnalar»
9. Sh.Aytmatov «Aq paroxod»
10. K.Sultanov «Aq da’rya»
11. K.Sultanov «A’jiniyaz»